ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№74 (23.232) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 20, бзрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Шынагъуэншагъэр псом ящхьэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м хабзэр хъумэныр къыщыгъэгъэпэщыныжьмкIэ зэпымыууэ лажьэ зэхыхьэмрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ советымрэ я зэIуцIэ. Абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр щыхъумэным и щытыкIэмрэ ялэжьын хуей Iуэхуэсмрэ.**

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КIУЭКIУЭ Юрий къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ, 2014-2015 гъэхэм къриклуахэм тепщIыхьмэ, хабзэхъумэ Iэхъущапlэхэм лажьыгъэфI зэрызэфIагъэкIар, арщхьэкIэ щIэпхъаджагъэм хуэзышэнкIэ хъуну щытыкIэр иджыри зэрытIасхъэр.

- Мы зэманым псомэ ди къалэн нэхъыщхьэр дэтхэнэми зыпэрыт къулыкъум хуэзфIэкI щыщIэн зэрыхуейр. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм республикэм щалэжь языныкъуэ щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрящытхуэщIар хъарзынэщ. Псалъэм папщIэ, автотранспорт ядыгъуным, цыхум лей ирахыным, IэщэкIэ яукIыным епха щIэпхъаджагъэхэм зыхэпщIэу хэщIащ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - КъищынэмыщIауэ, щIэпхъаджащIэхэм ахъшэ къаззрыIэрыхьэ щыкIэр зэпыдудащ, экстремизмэм пэщIэтыныжьмкIи лэжьыгъэ хъарзынэхэр екIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщу зэфIэкIащ 2005 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къалэ къытеуауэ щытахэм я судыр ящIэнкI. Апхуэдэ афIэкIа къэмыгъэхъуным ди лэжьыгъэр сытым дежи теухуауэ щытыпхъэу къызэлъытэ. Апхуэдэуи къэлъытапхъэщ щхьэрыуа щIыхуэхэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьымыжьмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм дэлажьэ комиссэм и IуэхущIафэхэми мыхьэнэ зэраIэр. Абы и лъэныкъуэкIэ къыхэзгъащIынут экстремизмэм дишэха хъыджэбзитIым ехьэлIауэ иджыблагъэ Налшык къалэ судым кIыщта унафэм щIалэгъуалэр гъуэгу пэж тригъэувжьыну сыздэщыгугъыр. Щэч хэмылъу, унэтIныныгъэ псомкIи лэжьыгъэхэр иджыри едгъэкIуэкIын хуейщ. Зэрыжьыслащи, террорист щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хэщIа щхьэкIэ, Iуэхум дыхуэсакъыпхъэщ. Хабзэм къемызэгъыу Iэщэкlэ зэщIэуэзэда гуп зэхуэмыдэхэм ди щIыхуэхэр зэрызыхащэ щIыкIэм тэмэму кIэлъыплъын хуейщ, апхуэдэ Iуэхугъэр къыщежьэм щыгъэужьыхьыпхъэщ. Иужьрей илъэситIым республикэм кIыхьэм и бжыгъэр нэхъыбэ зэрызыхуам къыхэкIыу, щытыкIэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъын хуейуэ къысщохъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, уэрамхэм щалэжь щIэпхъаджагъэхэм зыри тхуещIакъым. Урысейм и МВД-м 2015 гъэм зэфIигъэкIахэм теухуауэ зэIуцIэ щригъэкIуэкIым къралым и Президентым нэхъыщхьэу къыщыхигъэщащ цIыху зэхуэсыпIэхэм, къалэ уэрамхэм, кIуачэхэм къыщыхъу щIэпхъаджагъэхэм дебэнын зэрыхуейр. Мы гъэм и ипэ мазищым кIигъэльэгъуащ фадэ ефауэ ялэжьа щIэпхъаджагъэм процент 43,8-кIэ зэрыхэхъуар. Къэзакъэм я цIыхубэ дружинэр зэщIагъэIуащ, ауэ абы и сэбэп иджыри тлъэгъуакъым. Iуэхур зыхуэкIуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зыхэсслъагъуэр щыпIэ самоуправленэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, участковэхэм зи гугъу тщIы щIэпхъаджагъэхэм хуэдэ къэмыгъэхъуным теухуауэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрызэфIамыхьырц. Уголовнэ Iуэхукlэ илъэс къэс хабзэр кIыхьэпхъудзкъэ я процент 72-м нэблагъэр япэу хабзэхъумэ органхэм кIапэщIэхуэу арац. Нэгъабэ дыгъэгъазэ маздэм и унэм щауканщ КъБР-м и Парламентым и депутат Боттаевыр. Шэч кIыятесхьэркъым хабзэхъумэ Iэнатlэхэм щылажьэхэр япIэ зэрымысым, итIани, а щIэпхъаджагъэр иджыри зэхэгъэкIакъым. Апхуэдэхэр иджыри щыIэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэр къытеувыIащ къэрал дэфтэрхэр хъумэным пыщIа Iуэхугъуэхэми, Iупхъэ къеIыпхъхэм ящыщIэтыными, гъэгъуи хабзэр щыIэмымыгъэзащIэхэм тралъхъэ хуэдыкъэр къыхэхьжьыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэми, цIыхухэм я узынщагъэр хъумэным гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейми.

«Къэралым и экономикэр гугъусыгъу щыхъуам деж сыт хуэдэ хэкIыпIэхэри къэгъэсэбэпыпхъэу къызолъытэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр и пIи зэримытыр кьегъэлъагъуэ хамэ къэрал щыщ инвесторхэр щIэх-щIэхыурэ къызэредгъэблагъэм, даэрыдэлажьэм. Псалъэм папщIэ, псори фыщыгъуазэщ Корее Ипщэм, Австрием кьикIа Iэщагъэлlэхэм дазэрыхуэзам», - дыщIигъуащ КIуэкIуэм и псалъэм. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ хабзэхъумэ Iэнатlэхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм жыдэжэру ядэлэжьэныр зэрыфIэкъабыларр.

КъБР-м и прокурор Жариков Олег къыщыпсалъэм къыхигъэщащ илъэсым и кIуэцIым щIэпхъаджагъэ 8647-рэ зэратхар, апхуэдэ зылэжьахэм я процент 80-р, зэрыкъабзэу, хэхъуэ зимыIэ, Iэнатlэ Iумыт цIыхухэр зэрыарар. «КъудкIэ нэхъ тыншщ щIэпхъаджагъэ къэмэхъуным утелэжьэныр. Псалъэм папщIэ, зэрыдубзыхуам тету, иужьрей илъэсипщIым цIыхухэм езым я фIэфIыныгъэкIэ Iэщэхэр къатыж. НэгъуэщIу жыпIэмэ, 2006 гъэ лъандзрэ ахъшэ щIэтту цIыхухэм Iэщэ 900-м щIигъу, псоми зэхэту сом мелуани 3-рэ ныкъуэрэ я уасэу, къеIытыжащ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм кьрикIуаращи, фоч къаГъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр процент 34,1-кIэ нэхъ мащIэ хуэщ. ЛэжьыгъэфIэхэр зэфIэдгъэкIащ «Республикэ шынагъуэншэ» программэ гъэдэхэм хиубыдэу: республикэм и бюджетым дгъэкIуэжащ цIыхухэм къуэдыуэ къыIахьыжа сом мелуани 128-р. Абы экономикэм и щытыкIэр нэхъ иригъэкIуащ, дауи. КъБР-м и прокуратурэм и органхэм къыщIагъэщащ хабзэр кьызэрызэпаудамкIэ Iуэху мини 2-рэ ныкъуэм щIигъу», - жиIащ Жариковым.

Жариков Олег жиIащ 2015 гъэм къэрал къулыкъу зыIыгъ цIыху 47-м ятеухуауэ уголовнэ Iуэху 39-рэ къызэрызэIуахар (абыхэм ящыщу 31-р къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэм и лэжьакIуэщ, 6-р УФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iэщагъэлlащ, 6-р суд приставщ, 4-р УФСКН-м и республикэ къудамэм и лэжьакIуэщ).

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм щыпсэухэм прокуратурэр нэхъ зэрыдэлажьапхъэр.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр Ромашкин Игорь нэгъабэ зэфIагъэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм къыщытеувыIэм, къыхигъэщащ лажьакIуэ 295-рэ я Iэнатlэм зэрыIуагъэкIам къыхэкIыу яхуэзфIэкIар нэхъ мащIэнкIэ зэрыхъуныр. «ЕдгъэкIуэкIа лажьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм я бжыгъэр процент 30-кIэ нэхъ мащIэ хуэщ. Къапщтэмэ, Iэщэ яIыгъыу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр нэхъ мащIэ щыхъуа щIыналъи 10-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщ хуэщ нэгъабэ. Ар етхуанэ увыпIэм щытщ», - къыхигъэщащ Ромашкин Игорь. Апхуэдэуи министрым жиIащ фадэ къыхэзыщIагъэкIым теухуауэ щIэпхъаджагъэ 600 къыхэзыщIагъэщар, апхуэдэ цех 37-рэ зэрызэхуэгъэщIыжар. Къэпщтэмэ, Iэщэ ахъшэкIэ щыщжэгу унэ 53-рэ зэхуащIащ, щыхъу 14 жэуапым ирашэлIащ.

Зэ1ущIэм къыщыпсэльащ УФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Мэржжэ Мухьэмэд, Тэрч районым и Iэтащхьэ Бэлэтокъуэ Владимир сыми.

КIуэкIуэ Юрий зэIуцIэр щыхэхуищIыжым жиIащ накъыгъэм и 9-м екIуэкIыну Iуэхугъуэхэмрэ, къэблагъэ хэхыныгъэхэмрэ шынагъуэншэу зэфIэкIыныныкIэ къулыкъущIэхэм зэращыгугъыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Мафlэсхэм ялэщIэтыным пыщIа Iуэхухэр зэблэзыгъэкI хабзэ мардэхэр иджырей зэманым къоззэгъ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэмэ Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр хэплащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафlэсым и лъэныкъуэкIэ шынагъуэ къыщымыгъэхъуным теухуауэ» КъБР-м и Законыр зэрагъэзащIэм. Зэ1уцIэм хэтахэр едэIуащ КъБР-м Мафlэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ и къэрал къулыкъущIапIэм и унафэщI Борэн МуIэед ищIа докладым.**

АБЫ къызэригъэлъэгъуажьмкIэ, мафlэсхэр гъэункIыфIныжьмкIэ, абыхэм цIыхухэр къыщегъэлыныжьмкIэ къыпэщыт щалэнхэм Мафlэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къэрал къулыкъущIапIэр яполъэщ, абы мафlэсым пыщIа шынагъуэхэр республикэм и щIыналъэм къыщымыгъэхъуным хэзгъэза Iуэхухэр зэфIегъэжI. Мы Iэнатlэр къэрал Iуэхущ1апIэщ икIи ар Урысей Федерацэм Мафlэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ и къэрал къулыкъущIапIэм и системэм хеубыдэ.

Зэрыщыту къулыкъущIапIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэм щIэтщ, федеральнэ органхэм я компетенцэм хиубыдэхэмкIэ абы унафэ къыхуещI УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхугъэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкlэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм. А къалэныр министерствэм и цIыкIэ ди республикэм щегъэзащIэ УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхугъэмкlэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкlэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкIуэжьныжьмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм.

Мы зэманым къулыкъущIапIэм гупиплI къыщыщзэрагъэпэщащ икIи абыхэм зыкъыбыдэ республикэм и муниципальнэ районым кIыхь щыщ жиIащ 78-м мафlэсхэр къыщымыгъэхъуныжьмкIэ жэуап зыхь щыIнапIэ гарнизону 5.

Мафlэсхэр гъэункIыфIныжьмкIэ лэжьыгъэхэм нэхъ яхуэхьэзыру щытын, дэтхэнэ уэхуэныгъэми и зэхэлъыкIэм нэхъыфIу щыгъуэзэн икIи мафlэс къэхъу хъужьыкIыуэмэ, нэхъ зэщIэгъэIуауэ пэщIэтын папщIэ Iуэхущ1апIэм щызэхалъхьащ уэхуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, подразделенэхэр зыхиубыдэ щIыналъэхэм хыхьэ жылагъуэхэм я планхэмрэ абыхэм мафlэсхэр зэрыщагъэнкIыфIыну щыкIэр къыщыщIэльэгъуа тхылъ щхьэхуэхэмрэ.

Мафlэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къулыкъущIапIэм лажьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI мафlэм хуэсакъыныжьмкIэ, абы хэщIыныгъэ къимыхьыныжьмкIэ зэфIэгъэкIапхъэхэр убзыхуным, абыхэм цIыхухэр щыгъуазэ ящыщыныжьмкIэ хуэгъэзауэ. Мафlэсхэр къэмыгъэхъуным теухуауэ нэгъабэ печатым тхыгъэ 400-м щIигъу къытрадзащ, абы теухуа сюжет щхьэхуэзу 75-рэ телевиденэм игъэхьэзыращ, радиокIэ программэ 215-рэ къатащ. Апхуэдэм теухуа конкурс, викторинэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ.

2015 гъэм къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэм мафlэсхэм зэрапэщIэт щыкIэм цIыху мини 166-м щIигъу щыгъуазэ ящIащ, мафlэс къэхъу хъужьыкIуэмэ, цIыхухэр къызэрыгагъэльэну, ахэр ухуэныгъэхэм къызэрыщIашыну щыкIэм цIыху мин 287-рэ хуагъэсащ.

Борэн МуIэед къыхигъэщхьэхукIащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр зэрымымащIэр, ауэ, итIани, мафlэсхэм я лъэныкъуэкIэ республикэм щыIэ щытыкIэр зэрымытыныщIр. 2015 гъэм мафlэсу 1982-рэ къыщыхъуащ (абы япэ ита илъэсым щыIар мафlэс 1881-рэщ). Нэгъабэ мафlэсхэм цIыху 12 зэкIуэдащ, цIыху 44-м фэбжьхэр щагъуэташ. Мафlэсхэр зыгъэункIыфIхэм ди гъэгугъэм къыщыхъуа гуэзвэгъуэ 25-м цIыху 51-рэ, мыдрей мафlэсхэм цIыху 98-рэ къыщагъэлащ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

● Дыгъуасэ

# Адыгэ ныпым и пщIэр

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ Адыгэ ныпым и махуэр гъэлъэпIэным пыщIа дауэдэ пщэхэр къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ гупым хэтхэм я зэIущIэ. Ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу щыналъэхэм илъэс еханэ хуауэ щызэдэлэт я гуфIэгъуэхэм мы гъэми екIуу ягъэлъэпIэну я мурадщ.**

КъЫЗЭГЪЭПЭЩдКIУЭ гупым и зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Зэхуэсым кьрихьэлIащ а Iуэхур нэхъ зэгъэщIылIахэу КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ управленэм и унафэщI **Кlурашин Анзор**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щыIналъэ политикэмкIэ и Управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, Налшык къалэ округым и щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лжьыгъэр ззэзгъэIуу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэм и къуэдзэ **Залиханов Къанщобий** сымэ. Абыхэм къыхасэщащ махуэшхуэм и купщIэр щIэблэм зыхьгъэщIэн, дэтхэнэ лъэпкъыми къэралыгъуэми я дежкIэ ныпым пщIэшхуэ зэриIэр абыхэм къагурыIуэу щытын зэрыхуейр икIи цIыхубэм я зэкъуэтныгъэр гъэбыдэныжьмкIи апхуэдэ гуфIэгъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

А махуэм екIуэкIыну яубзыхуахэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ зэхуэсым икIи дэтхэнэ Iуэхугъуэри зи нэIэ щIэтыныгъэри щагъэбелджылащ абы.

Мэлыжьыхьым и 25-м сыхьэт 12-м щIалэгъуалэр Налшык Абхъазым и цIэр зезыхь и утыкум автомобилхэмкIэ щежьнэурэ ди лъэпкъ ныпыр ящхьэщыхуарзэу республикэм и район псори зэщIагъэзхьэнущ. Автомобиль зекIуэр сыхьэт 18-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну трахухащ.

Махуэшхуэм хуагъэхьэзыра концертым Абхъазым и утыкум сыхьэт 18-м щыщIидзэнущ. Абы къырихьэлIэнухэм сыхьэтитIкIэ я нэгу зрагъэужьынущ республикэм щыщIэрыIуэ уэрджжIаКIуэхэм, къэфакIуэхэм. Пшапэр зэхэуа нэужь, щэху уэздыгъэхэр къагъэсэбэпынырэ, адыгэ лъэпкъ 12-м я вагъуэ зырызрэ шабзищ зэблэдзахэмрэ зыхэдыкIа ди лъэпкъ ныпыр «къызэщIэблэнуц», абы тет псори Iупщ1у хэплъагъуKIыу.

**САНЭ Маринэ**

# «ТекIуэныгъэ Иным - махуэ 15 иIэжу!»

Налшык къалэ администрацэм ЩIалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэмрэ КъБКъУ-м и «Добрая воля» волонтёр клубымрэ и Iуэсу мэлыжьыхьым и 26-м иублэнущ «ТекIуэныгъэ Иным - махуэ 15 иIэжу!» Iуэхугъуэр. Махуэ 15-м къриубыдэу щIалэгъуалэм чэзуэ пльыр кьалэныр щагъэзэщIэнущ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъэм деж.

Зэ1уцIэр кьалэ администрацэм и пэшышхуэм щекIуэкIынущ, сыхьэт 11-м щIидзэу.

*Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

# НОБЕ

♦Секретарым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапIэ Лъы зытым и махуэр

♦Китаибзэм и махуэщ

♦1656 гъэм Урысейм дыжьын ахъшэ жьгъейхэм я пIэкIэ гъуаплъэм къыхэщIыкIахэр къыщежьащ.

♦1841 гъэм литературэм щыяпэу къыдэкIащ ятп детектив рассказыр. Ар По Эдгар итха «Убийство на улице Морг» жыхуиIэрт.

♦1843 гъэм Урысейм къэрал мылъкумкIэ и министерствэм унафэ къыдигъэкIащ Сыбыр щыналъэм зегъэужьын мурадкIэ абы мэкъумэшыщIэхэр гъэIэпэхуэным теухуауэ. А щIыпIэм кIуэным тегушхуэхэм мылъкукIэ, псэупIэкIэ къэралым защIигъэкъуэнут.

♦1901 гъэм Iэтауэ къызэIуахащ Москва дэт консерваторэм и Залышхуэр.

♦1920 гъэм хоккейр Олимп джэгуэхэм я программэм хагъэхащ.

♦1922 гъэм Куржым хэту къызэрагъэпэщащ Осетие Ипщэ автоном областыр, Цхинвали и кьалащхьэ.

♦1937 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Прохладнэ станицэр кьалэ хъущ.

♦Франджы республикэм и япэ президент икIи и иужьрей император **Наполеон III** къызэралъхуэр илъэс 208-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Лупекаев Павел** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Сындыку Тобий (Анатолэ)** къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-ми КъБР-ми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Теувэж Сулътан** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Нэщ1эпыджэ Ибрэхьим** къызэралъхуэр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Германием щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ПIамжьыкъуэ (Цей) Умар Фарукъ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ уэзкIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ацкъан Руслан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэрал, дзэ къулыкъущIэ, генерал-лейтенант, Краснаярск крайм и губернатору, УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и УнафэщIу щыта **Лебедь Александр** къызэралъхуэр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Белгород кьалэм потребкооперацэмкIэ и университетым и кьудамэу Налшык дэтым и ректор, педагогкIэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Щоджэн Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цIэрыIуэ, Олимп чемпион, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, УФ-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу щыта **Фетисов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

## Сабыр и щIагъ дыщэ щIэлъщ.

● Мэкъумэш Iэнатlэм

# Гъатхасэр йокIуэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гъатхэ вэн-сэныр и гуащIэгъуэу щокIуэкI.**

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 11-м ирихьэлIэу гъатхасэ гъавэрэ хадзэкIыну хасац гектар мин 30-м щIигъу. Ар къапэщылъ лэжьыгъэм и процент 16 мэхъу.ЩIым хагъэзэгащ кIэрпIофыр, гуэдзыр, хьэпцийр, Iусыпхъэ хьэкъыршыр, джэш щхьэунтIэр.

Пасэу кьихьа гъатхэм мэкъумэшыщIэхэм Iэнатlэм къаритащ махуэл дамыхьу лэжьэну. Куэд дэмыкIыу иужь ихьэнущ нартыхумрэ сэхуранымрэ хасэным. Ар зытрасэнум щIыгъэпшэрхэмкIэ елэжьащ. МэкъумэшыщIэхэм иужьрей илъэситIым хасэр ди республикэм кьыщагъэкIа жылапхъэхэрщ. Абыхэм фIагъкIи бэвагъкIи уащцигугъ хъунущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Ди къуэш республикэхэм

Зеиншэхэр зрашалIэ

АДЫГЕЙ. ***Иужьрей зэманым сабий зэзышалIэ унагъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ, интернатхэм щапI сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэм я бжыгъэм хэщIащ.***

АР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, республикэм щопсэу апхуэдэ сабий 1269-рэ. Абыхэм ящыщу 543-р гудзакъэ зыхэлъхэм я нэIэм щIагъэуваш, сабий 455-р унагъуэхэм зрашэлIащ, 202-р бын пэльытэу кьащтащ.

Сабийр унагъуэм кьищтэн и пэкIэ, адэ-анэ хъунухэр абы хуагъэхьэзыр. Мы зэманым ирагъаджэ сабийр я унагъуэм щагъэсэну жэрдэм зыщIа цIыху 47-рэ.

Депутатым и машинэр къагъэуащ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Парламентым и депутат Джапуа Алмас и автомашинэр къагъэуащ.***

БЭГЪЭПЩ Сергей и цIэр зезыхьэ утым щэбэт кIуам къыщагъэуащ депутатым и къулыкъуэ иIыгъ автомашинэр. Зыри хэкIуэдакъым, фобжь мащIэ зыгъуэта цIыхубзым дохутырыр епльри, ящIыпщыжащ.

Республикэм и генпрокуратурэм къызэритымкIэ, Джапуа автомашинэм кьикIри, дакъикьэ нэхъ дэмыкIыу, ар къэуащ икIи зэрыщыту исащ, гъунэгъуу щыта машинитIми ялъэIэсу. Къэхъуам теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Нэфхэм, зи нэхэм тэмэму ямылъагъуэхэм папщIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу КъШР-м щыIэм къыщызэIуахащ нэфхэмрэ зи нэхэм фIыуэ ямылъагъу щIыхухэмрэ папщIэ киногъэльэгъуапIэ.***

- ЗИ НЭМ сэкъат иIэхэм папщIэ кинопэшым илъэси 10-кIэ дыпэплъащ. Иджы тифлопереводчикэм и фIыгъэкIэ, ди кинопэшым фильмхэм щепльфынущ, - жеIэ къудамэм и унафэщI Дубовик Сергей.

КиногъэльэгъуапIэр зыхуеину Iэмэпсымэр КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкIэ кьащхьэщащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

2016 гъэм и етIуанэ мазихым и Iэ тедзэгъуэр пощт связымкIэ къудамэ псоми мэлыжьыхьым и 1-м кьыщызэIуахащ.

Фыдзэзыхьх газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щытевдзэ хъунущ ахэр и чэзуэм унэм ныфхэзэзыхьыну е фыщыхуей зэманым къыщыватыжьну пощт къудамэхэмрэ почтамтхэмрэ.

Мы Iуэхум теухуауэ щIэупщIэну хуейхэм пощт связым и къудамэм и операторым зыхуагъазэ хъунущ.

ХэвмыгъэтIасэу Iэ тедзэным фепIэщIэкI!

*«Урысейм и пощт» ФГУП ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэ.*

# МафIэсхэм ялэщIэтыным пыщIа IуэхухэрзэблэзыгъэкI хабзэ мардэхэр иджырей зэманым къоззгъ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Борэн МуIэед

КъуныкъущIапIэр нэхъ гугъу езыгъэхьхэм ящыщыр иджырей IэмэпсымэхэР, техникэр ирикъуу зэрамыIэр. Къапщтэмэ, IэнатIэм мафIэсхэр гъэункIыфIыным хэущIа автомашинэу 54-рэ иIэу аращ, зыхуейр хуэдитIкIэ нэхъыбэ пэтми. Автомобилхэм ящыщу 38-р капиталыныр зэрагъэпэщыжьын хуейщи, абы текIуэдэнущ автомашинэщIэхэм я уасэм нэхърэ нэхъыбэ. МафIэсхэр гъэункIыфIынымкIэ подразделенхэм иужьрей илъэси 10-м кьаIэрыхьакъым мы зэманым промышленностым ксыщIигъэкI зыхуэфащэ автомобилыщIэхэр.

МафIэсхэр къыщыхъуа щIыпIэхэм псынщIэу нэсырыф автомашинэхэр зэрыщымыIэм къыхэкIыу лэжьыгъэхэр щыгъэ къохъу. Аф-хуэздзу мы IэнатIэм хурикъуркъым мафIэсхэр псынщIэу гъэункIыфIынымкIэ, цIыхухэр кьеГэлыныкIэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмэпсымэхэр.

МафIэсхэм зэрапэщIэт Iэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ щыззрагъэпэщыж IэнатIэм зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъкъым, абы кьыщзрыкIуэ Iэмэпсымэхэри хурикъуркъым. Абы кьыхэкIыу Iуэхущ1апIэхэм я техникэр гъэмахуэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэм арэзы укьищIу хуагъэхьэзырыфыркъым. Техникэр жьы дыдэ зэпхъуауам кьыхэкIыу ахэр зэгъэпэщыжьыным техIуадэ ахъшэм гъэ хэхъуэ.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэр нэхъ зытегущыыкьхэм ящыщыу доклад зыщIам кьыхиГэщхьэхукIащ жьлагъуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ мафIэсхэм ящыхьымэнымкIэ зыхуеину Iэмалхэр нэгъэсауэ зэрыщымыIэр, къэбгъэлъагъуэмэ, щIыпIэ куэдым псыр зэрыщIэзэпубыдар. Хозяйствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ мафIэсхэм щахьумэн папщIэ кьагъэсэбэпын хуей псы кьижьыIэу (гидранту) 2125-м щыщу 615-р (процент 29-р) лажьэркъым, мафIэсхэм къыщагъэсэбэпын папщIэ ящIауэ щыта псыгуэн 756-м щыщу 197-р нэщIщ, псыр бжьамийкIэ щызэбграш жьлагъуэхэми мафIэсхэр зэрагъэункIыфI техникэр зыпыбдзэ хъун щIыпIэхэр яIэкъым. Зэрыщыту, кьапщтэмэ, мафIэсхэм къыщагъэсэбэпыну псыр щрагъахьуэ хъуну щIыпIэхэр иужьрей илъэсхэм кьирибыдэу 232-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Абы и лъэныкъэкIэ хуабжьу зэкIэлъыкIуэщ Зеикъуэ, Кьулъкъужьи Ипщэ, Кьулъкъужьи Ищхьэрэ, Кьубэ-Тэбэ, Псыхъэий, ХьэтIохъущыкъуей, Кременчугскэ-Константиновскэ, Бабугент, КьаръСу, Бэтэх, Дзэлыкъуэдзэ, Зольскэ, Совхозэщ, Жэнакълы, Балькъ, Чыщбалтхъ, Лэскэн EтIуанэ, Ерокъуэ, Хьэтуей къуажэхэм я Iуэхур.

Борэн МуIэед зэрыжиIамкIэ, IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэху щхьэхуэхэр зэблэзыгъэкI мардэхэр щыIэкъым. «МафIэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъуным и Iуэхуки» Федеральнэ закон №69-ФЗ-м ипкъ иткIэ МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и IэнатIэхэу оперативнэ къулыкъухэм я спискэу УФ-м и Правительствэм, Урысей Федерацым и субъектхэм я ГъэзэщIакIуэ властым и органхэм къащтахэм хиубыдэ цIыхухэм я ныбжьыр илъэс 50 ирикъуа иужь, жьыгъэкIэ пенсэ хуагъэув, ахэр МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къулыкъущIапIэм илъэс 25-рэ мынэхъ мащIэкIэ щылэжьамэ. Ауэ МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и оперативнэ IэнатIэхэм я спискэр республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм нобэм къэс кьащтакъым.

Доклад зыщIам мафIэсым и шынагъуэхэм ялэщIэтыным екьэлIуэ республикэм къыщащта хабзэ мардэхэр къызэрыщыхъумкIэ, абы-хэм яхущыщIэхэмкIэ, жьы хъуауэ, иджырей зэманым кьемызэгъэжьыу хэт мардэхэмкIэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ зыщIэупщIам и жэуапу Борэн МуIэед жиIащ республикэм и законодательствэр иджырей зэманым кьеззгъэуу кьызэрилытэр. Арэзы укъэзымыщIу щыIэр зы Iуэхугъэщ - мафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр илъэс куэдкIэ хьэлэлу я IэнатIэм зэрыпэрытам папщIэ зэрагъэпажэ мардэхэр зэрыщымыIэрщ, зыхуэфащэ цIэ лъапIэхэр республикэм зэрыщамыгъэварщ.

Ахуэдзу мафIэсхэр къыщIэхъум и щхьэусыгъуэхэм теухуауэ спискэрыр зыщIэупщIам и жэуапу къэпсалъэм кьыхиГэщхьэхукIащ гуэвэгъуэхэр нэхъыбэу кьызыхэкIыр щIыхухэр мафIэм зэрыхуэмыскъыр, электроIэмэпсымэхэр тэхэмэму кьызэрамыгъэсэбэпыр зэрыарар.

Зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуэгъэзауэ я кьащта чэнджэщхэм Президиумым хэтхэм къыщыхагъэщхьэхукIащ мафIэсхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ щIыхухэм зэпымыууэ ядэлэжьэн зэрыхуейр. МафIэсхэр щыгъэхъунымкIэ къэрал къулыкъущIапIэм ирата чэнджэщхэм ящыщщ лэжьыгъэр хуэмэнымрэ IэнатIэхэм шынагъэншагъэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу кьагъэув псори гъэззщIэнкI. Депутатхэм къыхагъэщхьэхукIащ еуэхэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхухэр: мафIэсхэм къыщагъэсэбэп псыр щрагъахьуэ гидрантхэмрэ псыгуэнхэмрэ зэрыщащIэр, языныкъуэ унэхэм, Iуэхущ1апIэхэм техникэр зэремыкIуэлэфыр, абы кьыхэкIыу мафIэсхэр кьызэщIэрымыуэ щыкIэ щащхуэзмыгъэункIыфI къызэрыхъур, гъэмахуэ лъэхъэнэм нэхъ нэгъэсауэ зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуейр.

КIэухыу къыщыпсалъэм Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъуащ мафIэсым зыщыхъумэн и лъэныкъэкIэ зэгупсысын хуей Iуэху куэд зэрыщIыр, абы кьыхэкIыу зыхуэфащэ IэнатIэ псоми я лыкIуэхэр кьрихьэлIэу мы псалъэмакъым пыщапхъэу кьызэрилытэр.

* * *

ЗэIущIэм ахуэдзу щытепсэлъыхьащ «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм хьэрычэт Iуэху мыиныбрэ курытымрэ зыщегъэужьыным теухуауэ» Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэзылъхьэ законпроектым. КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур зэрыжиIамкIэ, мы документым ипкъ иткIэ КъБР-м и Къэбэрдей-Тым мылъкумрэ щIы Iуэхухэмрэ яхуэгъэзза къэрал политикэ пыуэкIыкIар пхыгъэкIыным пыщIа и органым еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм езым пыуэкIауэ унафэ зытрищIых и къэрал мылъкум и спискэр икIи ар Интернетым щIэ официальнэ сайтым ирелъхьэ. А спискэм ит мылъкур зэман кIыхькIэ къагъэсэбэпыну хьэрычэт Iуэхущ1апIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, апхуэдзу абыхэм ядэIэпыкъуныжьмкIэ инфраструктурэр зэтезыгъэувэ Iуэхущ1апIэхэм ират.

Ахуэдзу зэIущIэм щыхэпIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кIыху куэд зыхэт Iуэхухэр кьыщызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ» КъБР-м и Законым и проектым, федеральнэ законхэм я проект щхьэхуэхэр кьаззрыщыхъуам хуэгъэзауэ Урысей Федерацым и адрей субъектхэм я парламентархэм кьагъэхьа тхыгъэ щхьэхуэхэм.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

**Аруан район сымаджэщым онкологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкIэ къудамэ къыщызэIуахащ, гъэулъапIэ 25-рэ иIэу.**

КЪУДАМЭЩIЭР къызэрызэрагъэпэщар зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узынщагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ. Мыбы ялэу операцэ щащIа сымаджэхэр кьызэрелъэзэм арэзы кьещI, дохутырхэри медсестрахэри гуапэу, жэуаплныгъэ яхэлъу зэрыщытыр кьыхагъэщ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщIхэ Къалэбатэ Рустам кьызэрыджиIамкIэ, я Iуэхущ1апIэм жьыджэру къыщагъэсэбэп хирургиемкIэ иджырей Iэмалхэр, лапароскопие операцэхэри ящIу зрагъэсащ.

Шэт Ирмэ сымаджэщым и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ зэфIэкI лъагэхэр зэрызыIэрагъэхьамкIэ, зыужьыныгъэфIэкIэ зэраIамкIэ. «Район сымаджэщхэм ящыщу фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ технологиехэр кьагъэсэбэпурэ сымаджэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъур мы Iуэхущ1апIэм и закъуэщ. Мыбы сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей медицинэ Iуэхутхьэбзэр щыхуащIэ Аруан, Лэскэн, Май, Шэрэдж, Тэрч районхэм я цIыхухэм. Кьуажэдэхэм и чэзум медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм яГэуэтыныжьIэ абы кьалэнышхуэ егъэзащIэ. КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

*КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● Узынщагъэ

## КъудамэщIэ къызэIуах

Министрым и псалъэ гуапэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

## Тхылъхэр хуатх

**Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ щIыналъэ кьудамэр щIыгъуу, Лэскэн районым и прокуратурэм кьипщытащ кIэрыхубжьэрыхуэхэрэ пхъэнкIиймрэ зэщIэкъуэным теухуауэ щIыпIэ унафэр зезыгъаIуэ Iуэхущ1апIэхэм я пщэрылъхэр эрагъэзащIэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, къуажи 9-м ящыщу 8-м пкъыгъуэ быдэхэм я кIэрыхубжьэрыху идзыпIэ Iэрыщхэр щыIащ. Ахэр къэхуьакъым, санитар пщалъэхэм къитIасэркъым. КьищынэмыщIауэ, язныкьуэ жылагъуэхэм пкъыгъуэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щызэхуахьэсыну гъущI ашыкэр щIыпIэ хэхахэм щагъэувакъым.

Къыщ1агъэща ныкъусаныгъэхэр яГэзэкIуэжыну, кьуаншэхэр жэуапым ирашэлIэну къалэн ящызыщI тхылъхэр кьуажэ администрацэм я Iэтащхьэу 8-м хуатхащ.

УФ-м и КоАП-м и 8.2-нэ статьям зэрыщыубзыхуам тету, щыналъэм и прокурорым и унафэкIэ, административнэ къуаншагъэм теухуа Iуэхуи 8 кьызэIуахащ (экологие, санитар-эпидемиологие хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIыу). Абыхэм ящыкъ иткIэ, сом мини 10-м щегъэжьауэ мин 30-м нэс кьуэдыуэ тралъхьэ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● КъБР-м и Пенсэ фондым

## Къахэхъуэмэ ди гуапэщ

**Урысейм и Пенсэ фондым и КъБР-м щыIэм кьызэриты мкIэ, нобэ республикэм щопсэу зи ныбжьыр илъэс 90-м щхьэдэха пенсионер 1610-рэ.**

АБЫХЭМ ящыщу нэхъыбэ щыпсэур Налшык къалэращ - цIыху 568-рэ. EтIуанэ увыпIэр зыIыгъ Прохладнэ районым нэхъыжьыфI 442-рэ щыIэщ. Абыхэм къакIэлъокIуэ Бахъсэн (131-рэ), Iуащхьэмахуэ районым (72-рэ), Шэрэдж (49-рэ) куейхэр.

Къыхэдгъэщынщи, зи ныбжьыр илъэс 80-м нэса, абы фIэкIа пенсионерхэу республикэм щопсэу 17740-рэ.

*Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● Дэ къытхуатх

## БлэкIам и лъэужь

**Си сабиигъуэр зауэм хиубыдащ. Балъкъ (Малкэ) щIыпIэм зауэшхуэ щекIуэкIыт. ЩыгъуэмкIи уэфэгумкIи шэр щызэлъатэрт. Зэщ1эгъуэгъуэ щынагъуэ мазкъым дунейр зэщIишт. Хьэблэ сабийр щIыунэ кIыфIым дист, шэ къуэуж макъым дигъэщтащ. КъыттегужьеикIауэ ди анэ тхьэмыщкIэхэм хьэлу Iыхьэ ныткъурахьэхыт. Ди унэм фашистхэр щIэст.**

НЭМЫЦЭХЭМ куэдрэ зыщрагъэIэжьакъым Кавказым. Ахэр дахужри, ди куэажэхэр щхьэхуит къэхъужат. Биим зэхафыщIа жылэр зэфIэгъэуэжыным цIыхухэр елэжьыт. Гъеишхуэр екIуэкIырт. Ди анэхэм я жэмыжь зырызыр щIэщIауэ колхоз щIышхуэр явэрт, дэ, сабийхэр, дыздашэрти, чы кIыхькIэ Iэщхэм дакIэльеуэрт, хьэлIамэ ныкъуэ зырыз махуэм къыдатырт.

Гукъыдэжьнышэу, нэщхьейуэ лажьэрт ди анэхэр. Ахэр гъыуэ е тхьэусыхэу сабийхэм дагъэльагъуртэкъым. Абыхэм къатехуа бэлыхьыр щхъуу здагъэзырт. А гъэм бэлыхьышхуэ дашэчу траса щIым гъавэ бэ кьыитахат. Дэри абы и фIыгъэкIэ гъейм дыкъелауэ щытащ. Абы щыгъуэ сэ кьызгурыIащ цIыхур псэун щхьэкIэ щIым елэжьын зэрыхуейр. Сабиигъуэм кьыщыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым щIым солэжь, абы ерыскъы лIэужьыгъуэу 15-м нэс кьытызох. Зи сабиигъуэ дахэр зауэм зэIищIахэр гугъуехым быдэ дищIат. Школым дыщеджэрт, уэздыгъэ нэфкIэ дытхэрт. ЕджапIэ нэужьым къетхьэлIэн хуейт а махуэм тшхьэпрыи дгъэсэнуери. Щхьэмыж, нартыху, кIэртIоф къэтщыпырт. Гъэсын пхырышхуэхэр плIэкIэ къэтхьырт. Пщыхьэщхьэ хъуамэ кружокхэм дыхэтт. Апхуэдзу ди зэманыр екIуэкIырт. Ди анэ тхьэмыщкIэр сымаджэ хъуат, ди адэр зауэм хэкIуэдат. Унагъуэ Iуэху псори си дэлъхумрэ сэрэ ди пщэм кьыдэхуат.

Апхуэдэ гъащIэ гугъуехым дэ сабийхэр дипсыхьащ, лэжьыгъэм щымышынэ дыхьащ. Школ нэужьым еджапIэ нэхъыщхьэри кьэдухащ. IэнатIэ хъарзынэхэми дыпэрыувэжащ. Си дэлъхур Къармэхьэблэ (Каменномост) кьуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ. Сэри библиотекэ курсыр кьэзэхри, Сэрмакъ кьуажэм дэт район библиотекэм сыщылэжьащ. 1955 гъэм ди тхакIуэшхуэхэр зыхэта тхылъ конференц абы щезгъэкIуэкIауэ щытащ. Абы щыгъуэ Щоджэнцыкъу Iэдэм тыгъэ кьысхуищат езым итха «Софят и гъатхэ» повестыр. Ди зэманым щIалэгъуалэм художественнэ тхылъхэр яджырт. Сэрмакъ кьуажэ клубым пшыхь гъэщIэгъуэнхэр щедгъэкIуэкIыу, пьесхэр щыдгъэIэльагъуэу щытащ. Абыхэм тхакIуэхэр, усакIуэхэр кьедгъэблагъэрт.

А лъэхъэнэм стхыжащ «Ди анэм щхьэузыхь зыкъытхуищIащ» тхыгъэмрэ зауэм хэкIуэда си адэм теухуа «Укъызолъыхьэу си адэ» зыфIэсщамрэ.

Сэ езым бынилI - къуитIрэ пхъуитIрэ - сиIащ. Ахэр езгъэджащ, гъащIэм хэзэгъахэщ. Iэзэхуэ диIэти абы Iэщыщхуэ щыдгъашхуэ щытащ. Уеблэмэ, зы илъэсым кьриубыдэу лыуэ тонн 30-м нэблагъэ кьэралым щетта кьэхъуащ. Апхуэдэу лажьэу щытащ си бынхэр.

Сэ стхжащ кьэскIуэ гъэзгъэшуэм си нэгу щIэкIахэр. Си сабиигъуэм слъэгъуа гухэщIыр си нэгум зэи щIэкIакъым. Си Iэдакъэ щхьэщIащ «Гъащ1э гъэзгъанэ», «Балькъыжь бжьэпэ», «Си Малкэ», «Жьыгъэ» жьхуиIэхэр.

Си ныбжьыр илъэс 84-рэ ирикъуат, сыузынщт, жьыщхьэ махуэ сыхъуауи зыкъэслъытэжьырт. Ауэ иджы си нэгу щIэкIащ бын гуауэзкъуэ. Малкэ дэс си къуэм, пщэдджьжьым гуфIэжу нэху кьеКIам, зэуэззэпсэу и псэр хэкIащ. Си СультIанышхуэ и кIуэдыкIар схуэзгъэзахуэркъым анэгукIэ. А си гуауэшхуэм теухуауэ сотхыж сэ иужь дыдэу: «Дауэ ухъуа мыгъуэ, си щIалэшхуэ? Зэуэззпсэу псэхэкIыныгъэ гуащIэр уи зыкъыдэу кьыщыптепсыхам хэт укъыхудэпльея? Хэт мыгъуэ зи щIэ жьпIэжар? УнкIыфIащ, Сультан, уи вагъуэр - Малкэ жьлэр хэззыгъэнэхуу кьысщыхъуар. Уэ упсэужькъыми сыщалъхуа жьлэр сабафащ».

Сыт пщIэн? ГъащIэм апхуэдэ куэд ущрохьэлIэ. Нэхъыщхьэр - къыштщIэхъуэ щIэблэр дэ дгъэва гугъуехэмрэ хьэзабымрэ ящыхъумэнырщ.

**КIЭМЫРГУЕЙ Лиэз,** *лэжьыгъэм и ветеран. Iэдиихуу жылагъуэ*

# МафIэсхэм ялэщIэтыным пыщIа IуэхухэрзэблэзыгъэкI хабзэ мардэхэр иджырей зэманым къоззгъ


Борэн МуIэед

КъуныкъущIапIэр нэхъ гугъу езыгъэхьхэм ящыщщ иджырей Iэмэпсымэхэр, техникэр ирикъуу зэрамыIэр. Къапщтэмэ, IэнатIэм мафIэсхэр гъэункIыфIыным хэущIа автомашинэу 54-рэ иIэу аращ, зыхуейр хуэдитIкIэ нэхъыбэ пэтми. Автомобилхэм ящыщу 38-р капиталыныр зэрагъэпэщыжьын хуейщи, абы текIуэдэнущ автомашинэщIэхэм я уасэм нэхърэ нэхъыбэ. МафIэсхэр гъэункIыфIынымкIэ подразделенхэм иужьрей илъэси 10-м кьаIэрыхьакъым мы зэманым промышленностым ксыщIигъэкI зыхуэфащэ автомобилыщIэхэр.

МафIэсхэр къыщыхъуа щIыпIэхэм псынщIэу нэсырыф автомашинэхэр зэрыщымыIэм къыхэкIыу лэжьыгъэхэр щыгъэ къохъу. Аф-хуэздзу мы IэнатIэм хурикъуркъым мафIэсхэр псынщIэу гъэункIыфIынымкIэ, цIыхухэр кьеГэлыныкIэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмэпсымэхэр.

МафIэсхэм зэрапэщIэт Iэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ щIыззрагъэпэщыж IэнатIэм зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъкъым, абы кьыщзрыкIуэ Iэмэпсымэхэри хурикъуркъым. Абы кьыхэкIыу Iуэхущ1апIэхэм я техникэр гъэмахуэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэм арэзы укьищIу хуагъэхьэзырыфыркъым. Техникэр жьы дыдэ зэрыхьуам кьыхэкIыу ахэр зэгъэпэщыжьыным техIуадэ ахъшэм гъэ хэхъуэ.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэр нэхъ зытегущыыкьхэм ящыщу доклад зыщIам кьыхиГэщхьэхукIащ жьлагъуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ мафIэсхэм ящыхьымэнымкIэ зыхуеину Iэмалхэр нэгъэсауэ зэрыщымыIэр, щIыпIэ куэдым псыр зэрыщIэзэпубыдар. Хозяйствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ мафIэсхэм щахьумэн папщIэ кьагъэсэбэпын хуей псы кьижьыIэу (гидранту) 2125-м щыщу 615-р (процент 29-р) лажьэркъым, мафIэсхэм къыщагъэсэбэпын папщIэ ящIауэ щыта псыгуэн 756-м щыщу 197-р нэщIщ, псыр бжьамийкIэ щызэбграш жьлагъуэхэми мафIэсхэр зэрагъэункIыфI техникэр зыпыбдзэ хъун щIыпIэхэр яIэкъым. Зэрыщыту, кьапщтэмэ, мафIэсхэм къыщагъэсэбэпыну псыр щрагъахьуэ хъуну щIыпIэхэр иужьрей илъэсхэм кьирибыдэу 232-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Абы и лъэныкъэкIэ хуабжьу зэкIэлъыкIуэщ Зеикъуэ, Кьулъкъужьи Ипщэ, Кьулъкъужьи Ищхьэрэ, Кьубэ-Тэбэ, Псыхъэий, ХьэтIохъущыкъуей, Кременчугскэ-Константиновскэ, Бабугент, Кьаръ-Су, Бэтэх, Дзэлыкъуэдзэ, Зольскэ, Совхозэщ, Жэнакълы, Балькъ, Чыщбалтхъ, Лэскэн EтIуанэ, Ерокъуэ, Хьэтуей къуажэхэм я Iуэхур.

Борэн МуIэед зэрыжиIамкIэ, IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэху щхьэхуэхэр зэблэзыгъэкI мардэхэр щыIэкъым. «МафIэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъуным и Iуэхуки» Федеральнэ закон №69-ФЗ-м ипкъ иткIэ МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и IэнатIэхэу оперативнэ къулыкъухэм я спискэу УФ-м и Правительствэм, Урысей Федерацым и субъектхэм я ГъэзэщIакIуэ властым и органхэм къащтахэм хиубыдэ цIыхухэм я ныбжьыр илъэс 50 ирикъуа иужь, жьыгъэкIэ пенсэ хуагъэув, ахэр МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къулыкъущIапIэм илъэс 25-рэ мынэхъ мащIэкIэ щылэжьамэ. Ауэ МафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и оперативнэ IэнатIэхэм я спискэр республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм нобэм къэс кьащтакъым.

Доклад зыщIам мафIэсым и шынагъуэхэм ялэщIэтыным екьэлIуэ республикэм къыщащта хабзэ мардэхэр къызэрыщыхъумкIэ, абы-хэм яхущыщIэхэмкIэ, жьы хъуауэ, иджырей зэманым кьемызэгъэжьыу хэт мардэхэмкIэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ зыщIэупщIам и жэуапу Борэн МуIэед жиIащ республикэм и законодательствэр иджырей зэманым кьеззгъэуу кьызэрилытэр. Арэзы укъэзымыщIу щыIэр зы Iуэхугъэщ - мафIэсхэм ялэщIэтыныжьмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр илъэс куэдкIэ хьэлэлу я IэнатIэм зэрыпэрытам папщIэ зэрагъэпажэ мардэхэр зэрыщымыIэрщ, зыхуэфащэ цIэ лъапIэхэр республикэм зэрыщамыгъэварщ.

Ахуэдзу мафIэсхэр къыщIэхъум и щхьэусыгъуэхэм теухуауэ спискэрыр зыщIэупщIам и жэуапу къэпсалъэм кьыхиГэщхьэхукIащ гуэвэгъуэхэр нэхъыбэу кьызыхэкIыр щIыхухэм мафIэм зэрыхуэмыскъыр, электроIэмэпсымэхэр тэхэмэму кьызэрамыгъэсэбэпыр зэрыарар.

Зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуэгъэзауэ я кьащта чэнджэщхэм Президиумым хэтхэм къыщыхагъэщхьэхукIащ мафIэсхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ щIыхухэм зэпымыууэ ядэлэжьэн зэрыхуейр. МафIэсхэр щыгъэхъунымкIэ къэрал къулыкъущIапIэм ирата чэнджэщхэм ящыщщ лэжьыгъэр хуэмэнымрэ IэнатIэхэм шынагъэншагъэ кьыщызэгъэпэщыныжьмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу кьагъэув псори гъэззщIэнкI. Депутатхэм къыхагъэщхьэхукIащ еуэхэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхухэр: мафIэсхэм къыщагъэсэбэп псыр щрагъахьуэ гидрантхэмрэ псыгуэнхэмрэ зэрыщащIэр, язныкьуэ унэхэм, Iуэхущ1апIэхэм техникэр зэремыкIуэлэфыр, абы кьыхэкIыу мафIэсхэр кьызэщIэрымыуэ щыкIэ щащхуэзмыгъэункIыфI къызэрыхъур, гъэмахуэ лъэхъэнэм нэхъ нэгъэсауэ зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуейр.

КIэухыу къыщыпсалъэм Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъуащ мафIэсым зыщыхъумэн и лъэныкъэкIэ зэгупсысын хуей Iуэху куэд зэрыщIыр, абы кьыхэкIыу зыхуэфащэ IэнатIэ псоми я лыкIуэхэр кьрихьэлIэу мы псалъэмакъым пыщапхъэу кьызэрилытэр.

* * *

ЗэIущIэм ахуэдзу щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Iуэху мыиныбрэ курытымрэ зыщегъэужьыным теухуауэ» Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэзылъхьэ законпроектым. КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур зэрыжиIамкIэ, мы документым ипкъ иткIэ КъБР-м и Къэбэрдей-Тым мылъкумрэ щIы Iуэхухэмрэ яхуэгъэзза къэрал политикэ пыуэкIыкIар пхыгъэкIыным пыщIа и органым еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм езым пыуэкIауэ унафэ зытрищIых и къэрал мылъкум и спискэр икIи ар Интернетым щIэ официальнэ сайтым ирелъхьэ. А спискэм ит мылъкур зэман кIыхькIэ къагъэсэбэпыну хьэрычэт Iуэхущ1апIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, апхуэдзу абыхэм ядэIэпыкъуныжьмкIэ инфраструктурэр зэтезыгъэувэ Iуэхущ1апIэхэм ират.

Ахуэдзу зэIущIэм щыхэпIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кIыху куэд зыхэт Iуэхухэр кьыщызэрагъэпэщ щIыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ» КъБР-м и Законым и проектым, федеральнэ законхэм я проект щхьэхуэхэр кьаззрыщыхъуам хуэгъэзауэ Урысей Федерацым и адрей субъектхэм я парламентархэм кьагъэхьа тхыгъэ щхьэхуэхэм.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

**Аруан район сымаджэщым онкологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкIэ къудамэ къыщызэIуахащ, гъэулъапIэ 25-рэ иIэу.**

КЪУДАМЭЩIЭР къызэрызэрагъэпэщар зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узынщагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ. Мыбы ялэу операцэ щащIа сымаджэхэр кьызэрелъэзэм арэзы кьещI, дохутырхэри медсестрахэри гуапэу, жэуаплныгъэ яхэлъу зэрыщытыр кьыхагъэщ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщIхэ Къалэбатэ Рустам кьызэрыджиIамкIэ, я Iуэхущ1апIэм жьыджэру къыщагъэсэбэп хирургиемкIэ иджырей Iэмалхэр, лапароскопие операцэхэри ящIу зрагъэсащ.

Шэт Ирмэ сымаджэщым и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ зэфIэкI лъагэхэр зэрызыIэрагъэхьамкIэ, зыужьныгъэфIэкIэ зэраIамкIэ. «Район сымаджэщхэм ящыщу фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ технологиехэр кьагъэсэбэпурэ сымаджэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъур мы Iуэхущ1апIэм и закъуэщ. Мыбы сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей медицинэ Iуэхутхьэбзэр щыхуащIэ Аруан, Лэскэн, Май, Шэрэдж, Тэрч районхэм я цIыхухэм. Кьуажэдэхэм и чэзум медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм яГэуэтыныжьIэ абы кьалэнышхуэ егъэзащIэ. КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

*КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● Узынщагъэ

## КъудамэщIэ къызэIуах


Министрым и псалъэ гуапэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

## Тхылъхэр хуатх

**Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ щIыналъэ кьудамэр щIыгъуу, Лэскэн районым и прокуратурэм кьипщытащ кIэрыхубжьэрыхуэхэрэ пхъэнкIиймрэ зэщIэкъуэным теухуауэ щIыпIэ унафэр зезыгъаIуэ Iуэхущ1апIэхэм я пщэрылъхэр эрагъэзащIэр.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, къуажи 9-м ящыщу 8-м пкъыгъуэ быдэхэм я кIэрыхубжьэрыху идзыпIэ Iэрыщхэр щыIащ. Ахэр къэхуьакъым, санитар пщалъэхэм къитIасэркъым. КьищынэмыщIауэ, язныкьуэ жылагъуэхэм пкъыгъуэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щызэхуахьэсыну гъущI ашыкэр щIыпIэ хэхахэм щагъэувакъым.

Къыщ1агъэща ныкъусаныгъэхэр яГэзэкIуэжыну, кьуаншэхэр жэуапым ирашэлIэну къалэн ящызыщI тхылъхэр кьуажэ администрацэм я Iэтащхьэу 8-м хуатхащ.

УФ-м и КоАП-м и 8.2-нэ статьям зэрыщыубзыхуам тету, щыналъэм и прокурорым и унафэкIэ, административнэ къуаншагъэм теухуа Iуэхуи 8 кьызэIуахащ (экологие, санитар-эпидемиологие хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIыу). Абыхэм ящыкъ иткIэ, сом мини 10-м щегъэжьауэ мин 30-м нэс кьуэдыуэ тралъхьэ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● КъБР-м и Пенсэ фондым

## Къахэхъуэмэ ди гуапэщ

**Урысейм и Пенсэ фондым и КъБР-м щыIэм кьызэриты мкIэ, н

● Джэрмэншык къуажэр илъэс 90 ирокъу

# Гъэзуанэ бгъуфIэ


Соблир Албэч

Балъкъыз Iэсият

ГъукIэпщ Iэсият

Апажэ Барэсбий

Кlыщокъуэ Барэсбий

Хъутlэ Борис

Мэзыхь Валерэ

Хъутlэ Еленэ

Иуан Жаннэ

**Джэрмэншык къуажэр мы гъэм илъэс 90 ирикъуащ. Дауэ ар къызэрыхъуар, сыт хуэдэ гъэзуанэ абы къызэринlар? Къэбэрдей-Балъкъэр областым и ЦИК-м 1924 гъэм фокIадэм и 10-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, цIыху 743-рэ зэрыс унагъуи 154-рэ Щхьэлыкъуэ къуажэм хэIэпхъукIри, уэрыкъэу Алъэтэдыкъуэкэрэ Щэрдэнэкэрэ яIыгъа щIыхэм 1926 гъэм щытIысащ, «быдапIэ цIыкIу» еджэу ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ къыщыт Джэрмэншык Iуащхьэм и цIэри фIащащ. Щхьэлыкъуэ къуажэм щыдэсым щыпсэуа хьэблэхэр зэреджэу щытар къагъэнэжурэ, зэIыхьлыхэр зэуIуу тIысащ («Щэрдэн хьэблэ», «Къуныжьей», «Лаукъэцей», «Даутыкъуей»).

Къэбэрдей-Балъкъэр областым и ЦИК-м 1926 гъэм щIышылэм и 27-м къыдигъэкIа унафэмкIэ, Кlыщокъуэ Мамытlэ и тъыжьмадзу, Iуэхуэхьэу къагъэкIуа цIыху губзыгъэ Гулецкий Григорий и секретару къуажэ Совет къызэрагъэпэщащ. Джэрмэншык къэIэпхъуаэкIэ гъавэгъэкIэ Iэщыхьуэт. ЦIыТIыса гъэм щыуэ 66-рэ, выуэ 73-рэ, жэму 139-рэ, мэлрэ бжэну 98-рэ яIэу арат. Езыхэр зэрызэкъуэувам, апхуэдэу къэралыр къазэрыдэIэпыкъуам и фIыгъэкIэ, псынщIэу я пIэм изэгащ, Iэщ къащэхуащ. Абы папщIэ пIаплъэ кIыхьым тещIыхьа ссудэу сом 4500-рэ дэтхэнэми хухахащ. Унагъуэ, щэнхабзэ хуэIухуэщIэхэм къадэкIуэу, жылагъуэ зэдзэпкъуныгъэ комитет(ККОВ) къызэрагъэпэщри, пхъэIэщхэр, къитхъэр, мэшых, зэрыкIыщтэ машинэхэр къащэхуащ, трактор уасэ зэхуахьэсащ.

1926 гъэм дыгъэгъаз и 12-м къыдэкIа «Къэрэхьэлъкъ» республикэ газетым итхырт: «Джэрмэншык къуажэр зэфIэувэн, абы и Iуэхур ефIэкIуэн папщIэ, Пlуп Данил зи унафэщI ККОВ-м игъэзащIэ лэжьыгъэхэм хэхуэу зэпытщ. ХуэмыщIахэм, зеиншэхэм я щIыр хуэзрахъэ, щIакхъуэкIэ жылапхъэкIэ, мэкъумэш IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, нэгъуэщI Iуэхутхьабзэхэр хуэзфIагъэкI. Кьалэнышхуэ зэригъэзащIэр къагурыIауэ, унагъуэхэм кърахьэлIэж гъавэм и Iыхьэ пщIанэр арэзыуэ ККОВ-м ират. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, гуэдзу пут 300, нартхуу пут 2000, хууэ пути 100-м нэблагъэ зэхуахьэсащ. ВКП(б)-м и ячейкэ къуажэм къыщызэрагъэпэщащ, ауэ абы хэтхэм хуэфащэ щIэныгъэ зэрамыIэм къыхэкIыу, я лэжьыгъэр хэIущIыIу хъуркъым. ККОВ-м и Iуэхум жыджэру хэтщ Балъкъыз МатIэ, Дзагуэ ХьэтIохъущыкъуэ, Иуан Товэж, Жэрэщты Талъостэн, Мыгъуэлl Жамырзэ, Семэн Хьэмзэт, Мэзыхьэ Iибэ, МафIэдз Хьэжмуэз, Молэ Пlил, Кlыщокъуэ ТIутIэ, Соблир Хьэныкъуатlэ, Хьутlэ Хьэжысмел, Шыджэнэ Хьуд сымэ».

1927 гъэм щIым зэуIуу телэжьыхьэм я товариществэрэ (ТОЗ) машинэ товариществэрэ къызэрагъэпэщащ. А илъэсым «Фордзон» трактор къащэхуащ. Я́пэу трактористэ хуъахэр Мыгъуэлl Алъхъорэ Шыджэнэ Мажидрэщ.

ЩIым зэгъусэу уелэжьымэ зэрынэхъ фейдэр къагурыIуати, къуажэ зэхуэсым и унафэкIэ, «ЩIыпIэрысыщIэ», «Тхъэмыщкlэ» зыфIаща колхозитl 1928 гъэм къызэрагъэпэщащ. «ЩIыпIэрысыщIэм» цIыхуу 81-рэ, хозяйствэу 16 хыхьат, щIыуэ дестини 128,37-рэ хупачат, «Тхъэмыщкlэ» колхозым цIыхуу 113-рэ, хозяйствэу 22-рэ хэтт, щIыуэ дестини 195,61-рэ хухахат. Къыкlэлъыкlуэ илъэсым «Заход» ещанэ колхозыр къызэрагъэпэщащ. ЩIыуэ дестини 253,25-рэ яIэу цIыхуи 159-м я хозяйствэ 36-р абы щIэзхьыхащ. Илъэс докIри, хозяйствэ псори «Джэрмэншык Плъыжь» («Красный Германчик») колхозу зэгухьащ. Абы иIэт пхъэIэщэу 94-рэ, къитхъуу 85-рэ, жыласэу 2, шыгуу 144-рэ, выгуу 12. Псори залымыгъэкIэ колхозым хагъэхъэну, я Iэщыр къэралым къыIихьну, иужькIэ зыри яриIэтыжьыну жаIэу а Iуэхум и бийхэм хъыбар напцIэкэ кърахьэжIыну хуежьэри, 1930 гъэм икуэм колхозыр зэбгрыкIыжауэ щытащ. Абы къыхэкIыу, партым и Налшык райкомым и япэ секретарь Нало Шупагуэ, районым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Бекъуал МатI, партым и обкомым и лIыкIуэхэр щIэхъуэхьырэ Джэрмэншык къакIуэт. Партэ ячейкэм, къуажэ Советым, комсомол организацэм я унафэщIхэм ящIыгъуу къуажэдэсхэм я зэхуэс ирагъэкIыкIт, коллективизацэм и мыхьэнэр мэкъумэшыщIэхэм гурагъаIуэрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, «Джэрмэншык Плъыжь» колхозыр щIэрыщIэу къызэрагъэпэщащ.

Коллективизацэр щIэхуэбжьэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIащ. 1928 гъэм зэхаща колхозхэтхэм я Я́пэ Урысейпсо съездымрэ 1931 гъэм накъыгъэм и 25-28-хэм Налшык щызэхэта область съездымрэ. Абыхэм я ужькIэ, колхозым хыхьэну хуейкэм я бжыгъэм хэхъуащ. 1931 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м Джэрмэншык къуажэм колхозыр щызэтеувауэ къэплъытэ хьунущ. А махуэм екIуэкIа зэIуIщIэм ди колхозхэту 365-рэ, партым и Налшык райкомым и япэ секретарь Нало Шупагуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэмрэ совхозхэмрэ я лIыкIуэ Шэвлокъуэ Жэбагъы, Шэджэм Езанэм и колхозхэт пашэхэу Сасыкъ Уэлийрэ Шу Жэбагъырэ кърихьэлIащ. Колхозым Молотовым и цIэр фIащащ, Шыджэнэ Хьуд тхъэмадзу хахащ, Иуан Товэжрэ ХьутIэ Хьэжысмелрэ правленэм, Семэн Билалрэ Пlуп Данилрэ ревкомиссэм хагъэхьащ, Соблир Хьэмаш, Кlыщокъуэхэ Алий, Исуф, Жэрыщтыхэ Талъостэн, Хьэмид, Молэ Лил сымэ бригадэ, фермэ унафэщIу ягъэуващ. 1931 гъэм и щэкIуэгъуэм ирихьэлIэу хозяйствэм хэмыхьауэ жылэм къыдэнар Шыджэнэ ЦIыкIу и унагъуэм и закъуэт.

Илъэс къэс хозяйствэм зиужьырт. Бригадэ Чуниц, шэшит, гъавэ хъумапIэ, чырбышкъуэщIын заводу цIыкIу, пэщIэдзэ еджапIэ, колхоз правленэмрэ къуажэ Советымрэ я хэщIапIэ, щIакхъуэ гъэжьапIэ, тыкуэн, нэгъуэщI псэуапъэхэри яухуат. Хозяйствэм и зэфIэкIым хэхъуэрт, гъавэрэ Iэщхэкlрэ я кълэжьыныкIэ район зэпеуэхэм бжьыпэр щиубыдырт. Колхозым и правленэм, и парт, и комсомол организацхэм Iэнатlэхэм щыпашэхэм гупытэшхуэ хуащIырт, ахэр ягъэгушхуэрт, ягъэпажэрт. Мэкъумэш илъэсыр ехьулIэныгъэкIэ зэраухам кьыхэкIыу, трактор бригадэм и бригадир Пlуп Хьэбас, зеином и унафэщI ГъукIэжь Жанпагуэ, трактористхэу Дзагуэ Хьалид, Шыджэнэ Хьэнахъуэ, жэмыш Тlэхъу Гъумар сымэ 1939 гъэм Мэзкуу ВДНХ-м ягъэкIуащ.

Цыхубзхэри жылагъуэ Iэзэхуэм жыджэру хахэрт. 1935 гъэм Щоджэн Шэрзэт колхоз правленэм и тхьэмадэм, Балъкъыз ЗыкIуринэ къуажэ Советым и Iэтащхьэм я къуэдзэхэт, Кlыщокъуэ Нэкуэр - цIыхубз советым, Щоджэн КIуац - хозяйствэм и жыг хадэм я унафэщIхэт, Хъутат КIэузс - еджапIэм и пионервожатэт. Колхозымрэ къуажэмрэ IэщыгъэлъэIэхэм хуэныкъуэти, агроном Пlуп Никон, хадэзкIгъэкI Мухин Илья, бухгалтер Хохлов Фёдор, дохутыр Жировэ Нинэ сымэ кьрагъэблэгъат.

1931 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1941 гъэ пщIондэ Шыджэнэ Хьуд, Пlуп Данил, Жад Алихьан, Мыгъуэлl Жамырзэ, Кьардэн Елдар, ХьутIэ Хьэжысмелрэ Соблир Исмелрэ колхоз правленэм и тхьэмадзу, Мыгъуэлl Жамырзэ, Къанокъуэ Хьэжсет, Лакъун Мажид, Пlуп Данил, Пщынокъуэ Сэфрэлий, ХьутIэ Тыгъуэнрэ Хьэщыкъуей Зырамыкурэ хозяйствэм и парт организацэм и секретару, Хьутат Жэбагъы, Кьущхьэ Мудар, Ажий Мурадин, Кlыщокъуэ Хьэжысмел, Хьэщыкъуей Зырамыку, Жэрыщты Адэлбийрэ Шыкъ Хьэралбийрэ колхозым и комсомол организацэм и секретару, Кlыщокъуэ Мамытlэ, Мыгъуэлl Жамырзэ, Кlыщокъуэ ТIутIэ, Пlуп Данил, ХьутIэ Хьэжысмел, Кьущхьэ Мудар, Ажий Мурадин сымэ къуажэ Советым и унафэщIу лэжьахэщ. Абыхэм жылэм и социально-экономикэ зыужьынымгъэм гулъытэшхуэ хуащIырт, Iэнатlэм хьэлэлэу пэрытхэр зыщагъэзгъупщэртэкъым.

Алъэхьэнэм къуажэ школым еджащакIуэ щыIэжьащ Борисов Фёдор, Шыджэнэ Къаджэрий, Бэгъуэтык Батыр, Совет Союзым и Лlыхъужь хъуа Кьардэн Къубатий, Тоценкэ Михаил, Говоров Александр, Колесниковэ Верэ, Кьашыргъэ Хьэпащlэ, Шу ТIэИб, Ажийкэ Мухьтар, Салмэн, Кlыщокъуэ Iэдэм, Тау Борис, Пlуп Хьэзешэ, Семэнхэ Билал, БетIал, Иуан Забыт, Къэкъул Музэчий, Гуанэ Хьэцу, Бэгъуэт Хьэнгуащэ, Щоджэн Лусэ, Дау Жэнэ, Урыс БетIал, Балъкъэр Мижаил, Бай Пащыий, ХьутIэ Хьэжмусэ, Хъутат КIэузс сымэ. Ахэр махуэм школым щылажьэрт, пщыхьэщхьэкIэрэ колхозхэтхэм тхэкIэ, еджакIэ ирагъащIэрт.

Джэрмэншыкыр илъэс 15 зэрыхьыр ягъэлъапIэну зыщыхуагъэхьэзыр 1941 гъэм Германиер ди Хэкум кьытеуэри, мамыр гъащIэр кьызэтрикIуатащ, фашистхэм ди щIыналъэр пIалъэкIа яубыди, республикэм и ядрей жылагъуэхэм хуэдэу, къуажэм и зыужьынигъэр кьызэпаудащ. Къэралыр псэзэпылъхьэпIэ щихуэм, жылэм щыщу щIали 176-м Iэщ къащтати, 95-р хэкIуэдащ. Я́пэ махуэхэм фронтым кIуаэм ящыщ къуажэ Советым и тхьэмадэ Ажий Мурадин, колхозым и парт организацэм и секретарь Хьэщыкъуей Зырамыку, хозяйствэм и комсомол организацэм и секретарь Жэрыщты Адэлбий, колхозым и бухгалтер нэхъыщIэм и къуэдзэ Соблир Хьэжмурат, колхоз правленэм и унафэщIым и къуэдзэ МафIэдз Хьэжмусэ, граждан зауэм хэта Пlуп Данил сымэ. Абыхэм я псэр ди щхьэхуитыныгъэм щIатащ.

Къэралым кьыщыхьщIыхьа шынагъуэм зэкьуигъэувауэ, «Псори фронтым папщIэ, псори текIуэныгъэм папщIэ!» кьыхуэдэжьыгъэм щIэту, жэщ-махуэ ямыIэу, джэрмэншыкдзэхэр жыджэру лажьэрт. Зи къэхуГуэз-зыужьыгъуэ ныбжьыщIэхэу Батыр Досэ, Жэрыщты Малинэ, Кьардэн Жанпагуэ, Мэз Марусэ, Молэ Жанпагуэ, Тау Лолэ, Хьэщыкъуей Жанэ, Шыджэнэхэ Бабышэ, Зэрэтин, Бекъаэз СультIан, Щоджэн Андулэхь сымэ Налшык МТС-м трактор Iэхум щыхуедмэхуэ зэпымыууэ губгъуэм итт. Колхоз лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Прохладнэ къалэм, Налшыкрэ Нартанрэ я Iэшэлъашэм белкIэ щIытI кьыщызытIхэм кьуажэдэс куэд яхэтт. Абыхэм ящыщыт ротэм и командир ХьутIэ Хьэжысмел, политрук ЖьакIэ Исуф, зауэлIхэу Апажэ Михаил, Батыр Хьэбалэ, ГъукIэжь Жанпагуэ, Иуанхэ Билал, БетIал, Кьардэнхэ Албэч, Музэчий, Джьназ Къан щобий, Кьущхьэ Iэюб, Куэшмэн Исуф, Мэз Маржьнэт, Семэнхэ КIуакIуэ, Лимэ, Хьэмзэт, ХьутIэ Хьэчим, Дзагуэ Къасболэт, Молэ Лил, Соблырхэ Мусэ, Чэлимэт, Хьэнэхъуатlэ, КIуж Хьэжмусэ, Шыджэнэ Бий, КIыщокъуэ ЖанIофI, нэгъуэщIхэри. ЩIыунэр я псэуплIэу, 1941-1942 гъэхэм я бжьыхьэгъатхэ уэлбанэрилэ мазэхэм, щапхъэ къаГъэлъапIэуэу, ахэр щIытIхэм яхэтащ.

1942 гъэм колхоз Iэщыр Дзэлыкъуэ хъупIэм щызыIыгъаХэми лIыгъэшхуэ зэрахьащ. Жэм, мэл, шы хьубжьэхэр абыхэм я фIыгъэкIэ кьыщэтенащ. Фермэ унафэщI КIыщокъуэ Алий, учётчик Соблир БетIал, жэмышхэу, Iэхъуэхэу Кьардэнхэ Къаней, Хьэнахъуэ, Хьэжысмел, Хьанджэрий, Музэрин, ГъукIэжь НэIиб, Апажэ КIуэ, Жэрэщты Куэз, Мэзхэ Маржьнэт, Сэрэбий, Ужьэ, Мухьэмэд, Семэнхэ Къанщобий, Лимэ, Соблир Жанхъуэ, Ту Сулэд, Абрэдж Хьэрун, Бэрэз Жэбрэ́ил, Дзагуэ Хьэжпагуэ, Мыгъуэлl Сыхьэтджэрий, КIуж Батырбэч, ПщыхьэщIэ Мэжид, Шыджэнэ Мышэсымэ яхъума хьушхуэ зэмыщIIауэ хьупIэхэм кьрагъэхьажри, бийр хэкум ирахужа нэужь, щIэрыщIэу зэхагъэхьэжын папщIэ, кьуажэдэсхэм трагуэшащ.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м, нэмыцэдзэм хэту, румын полкыр Шоджэм Езанэ лъэныкъуэмкIэ кьуажэм кьыщыдыхьэри, «хабзэщIэхэр» ягъуэат: джэдкъазу, джэдыкIэу, гъэшу, тхъууэ, лыуэ жьхуаIэм хуэдиз унагъуэ кьэс налогыу итын хуейт. КъыкIэлъыкIуэ 1943 гъэм щIышылэм и 4-м ди жьлэр хуит къащIыжащ. Зэрыдзса маху ягъэ блыщIым кьуриубыдэу фашистхэм хэщIныгъэшхуэ кьыдатащ, губгъуэ унэхэр, клубыр, Iэщ псэуалъитI, шэщитI, кхъуэщитI, щхьэлыр, гъавэ хъумапIэр, кьуажэ электростанцыр, чырбыш-кхъуэщын заводыр, колхозхэтхэм я псэупIэр зэхахьутащ, жыг хадэу гектар 20 ирахащ. Къэралкомиссэм къызэрибжамкIэ, сом мелуани 5-рэ мин 281-рэ и уасэ хэщIныгъэ кьуажэм игъэутат. Абы щыщу сом мелуани 3-рэ мин 981-рэ 354-р колхоз мылькым хуэзэрт. Бийр зэрыдахужу, властым и совет Iэхуэщ1апIэхэр зэтраухуэжащ, жылагъуэ хозяйствэр зэфIагъэувэжу хуежьащ. ТекIуэныгъэр кьагъэблагъэу цIыхуэхэм ахъшэ зэхалъхьэрт, дзэ заёмхэр кьащэхуэрт, ерыскьыкIэ щыгъыкIэ зауэлIхэм хуурыдащ. Ди колхозхэтхэми я Iуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ - сом мелуанитIым нэблагъэ зэхуахьэсащ. Правленэм и тхьэмадэ Соблир Исмел сом мини 101-рэ, парт организацэм и секретарь Кьашыргъэ Хьэпащlэрэ колхозхэт Пlуп Хьэжмуратрэ дэтхэнэми мин 50, пионер Соблир Жэбрэ́ил сом мин 5, абы хапъхащ. 1943 гъэм унагъуэхэм я кьабгъэдэкIыу лыуэ килограмм 547-рэ, гъэшу центнер 607-рэ, джэдыкIэу 17830-рэ, цыуэ килограмм 30750-рэ ЗыхъумэжьныгъэмкIэ фондым ираташ. А зэман хьэлъэхьэлэлу, къэмыланджэжу зэрызлэжьам кьыпэкIуэу, «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм кьиГъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалыр колхозэту щэмыщIагъэ. Къуагъэфащащ.

ЦIыхуэм хуэмыхьэжьауэм хуэдэт Хэку зауэшхуэм и илъэсхэр. КъыкIэлъыкIуэ гъэхэри нэхъ тынштэкъым. Псори мэжащIалIэт, щыгъыныджэт, ауэ бий ерум зэрытекIуам я лъэр щIигъэкIыт, гуГъэ къахилъхьэжьырти, еужьэрэкIыу псэукIэр зэтраухуэжьырт. Хозяйствэр къэIэтыжьыным жьыми щIэми я гуащIэ халъхьэрт. КьызэгъэпэщащIэу щIигъэкIа Iэзэхэу, фIапIэкI зиIэзэу я лъэхэзэнэм зыкъагъэлъэгъуащ къуажэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIакъэу, колхоз тхьэмадэу лэжьакъэу Мыгъуэлl Жамырзэ, Къзааниш МатI, Семэн Хьэмзэт, ХьутIэхэ Хьэжысмел, Хьэжмусэ, Джьназ Музэчыр, Апажэ Хьэжмурид, парт организацэм и секретару щытахэу Кьашыргъэ Хьэпащlэ, Хьэщыкъуей Мухьэмэд, Соблир БетIал, Ажий Хьэбас, Кьардэн Башир сымэ. Хозяйствэм и IэщlагъэлIэхэр я щIэгъэкъуэну, абыхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэхьещ, мэкъумэш Iэнатlэм нэрылъагъуу зрагъэужьащ.

Илъэс 20-м щIигъкIэ хозяйствэм и унафэщIу лэжьа Мыгъуэлl Къарэкъан и кьулыкъым щыпрыкьа 1964 гъэм щегъэжьауэ Джэрмэншыкым зиузэщIу, щыкхэм я псэукIэр ефIакIуэу хуежьащ. Мыкьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум я зэфIэкI халъхьащ колхозым и парт организацэм и лэжьыгъэ зыунтlакIуэ Молэ Щыхьырбий, Джьназ Владимир, Пlуп Нурхьэлий сымэ. Зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу тIысIыпIэ 400 зиIэ Щэнхабзэмкlэ унэ екIу, сабий гъэсапIэ, медпункт, трактор парк, автогараж, гъавэ хъумапIэ, шхапIэ, механикэ лъащапIэ (мастерской), хьэмэм, гъэсныныгъэ иГъэхьуапIэ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда я кьуажэгъуэхэм я фэеплъ, правленэмрэ кьуажэ Советымрэ я унэ зэтетыр, жэм 800-м хуэщIауэ газкIэ яГъэхуабэ псэуалъэ, Iэщ фермэхэр, нэгъуэщIхэри хозяйствэм и мылъкукIэ яухуащ. Цыхуэхэм газыр хуащащ, унагъуэхэм телефонхэр хуагъэзыщащ, кьуажэ кIуэщ I гъэгугъэхэм асфальт трахлъхьащ. Колхоз правленэр, парт, комсомол, профсоюз комитетхэр, кьуажэ Советыр зэуIуу, зэрыщIэу зэрызэдэлажьэм жылэм зыдиузэщIырт. КъэкIыгъэхэм псы зэрагъэкIуэну кIэнаугъэхэмрэ бетонкIэ гъэжа кьуэафэхэмрэ губгъуэхэм щаукъэдиящ, «Фрегат» лъэщу 8 яГъэуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэмкIэ хьэсэу гектар 100 гъэгъум щихъумафырт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыфI и пэкIэ ахэр зэхадигъэужащ.

Колхозым и парт организацэм кьуажэм и жылагъуэ Iэзэхуэр иунэтIырт. 1991 гъэм коммунистхэр 75-рэ, кандидатхэр 2 хъурт. 1993 гъэм кьызэрагъэпэщыжауэ цIыху 40 зыхэт щIыпIэ парт организацэ ноби Джэрмэншык щолажьэ (секретарыр Мэзыхьэ Валерэщ).

Хозяйствэм и правленэм, парт, профсоюз, комсомол комитетхэм лжьакIуэхэм гулъытэ хуащIырт. Санаторэхэм, зыгъэпсэхупIэ унэхэм пщIэнэзу яГъакIуэрт, Мэзкуу, Ленинград, Волгоград, Тбилиси къалэхэм, Прибалтикэ, тенджиз ФIыцIэм зыплъыхьакIуэ яIэрт, нэгзыуэ Iэхуэгъуэхэр кьахуэзрагъэпэщырт.

1964-1994 гъэхэм кьриубыдэу дамыгъэ зэмылIужьыгъуэу 70-м щIигъу колхозым кьратащ, «ЩIымрэ Iэщымрэ фIагъ лъагэ хэлъу зезыхьэ хозяйствэ» цIэ лъапIэр 1972 гъэм кьыфIащащ. МэкъумэшхэкIэр къэлэжьынымрэ къэралым ещэныкIэ 8-нэ, 9-нэ, 10-нэ илъэситхуэм кьыпэщыта къалэнхэр дэтхэнэри илъэсиплIым игъэзащIащ. Гъавэрэ Iэщхэкlрэ къэлэжьынымкIэ, кьуажэдэм ещэныкIэ ебгъуанэ илъэситхум (1971-1975 гъгъ.) и планхэр нэхъ пасэу зэригъэзэщIам кьыхэкIыу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ 1976 гъэм мазаем и 19-м «Лэжьыгъэм и Бэракъ Пlлъыжь» орденыр «Джэрмэншык» колхозым кьыхуагъэфэщащ, мэшгъэкI, Iэщыхьуэ куэдым правительствэ дамыгъэ лъапIэхэр, правленэм и тхьэмадэ Мыгъуэлl Къарэкъанрэ жэмыш пашэ Мэз Уэлийрэ Лениным и орденыр кьратащ.

Лениныр ещэзраль хуэрэ илъэси 110-рэ зэрырикъуу теухуа социалист зэхьэзэхуэм къызэрыхъжаныкIам, а махуэм ирихьэлIэу илъэситху планыр зэригъэзэщIам папщIэ, 1980 гъэм «Джэрмэншык» колхозым Лениным и щIыхь тхъпIыр (республикэм щыщу мы хозяйствэм и закъуэщ ар зыпIагъэсар) кьыхуагъэфэщащ. КъыщынэмыщIауэ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым, Облсовпрофым, ВЛКСМ-м и обкомым я Бэракъ Пlлъыжьыр игъащIэкIэ щхьэумэну колхозым кьратащ. 1974 гъэм екIуэкIа Урысейпсо съездым зэхьэзэхуэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, РСФСР-м и Маншэхэрэм я Советымрэ ВЦСПС-мрэ я Бэракъ Пlлъыжь зэIэпахыр Джэрмэншык къуажэ Советым кьыхуагъэфэщащ (и унафэщIу щытар Дэхъу Нинэщ). Курыт еджапIэм и лэжьакIуэхэр «Илъэсым и школ-1998» Урысейпсо зэпеуэм щытекIуащ. Еджакlуэ 30-м ди школыр медалкIэ кьаухащ, кьыщIэкIахэм ящыщу 6-р щIэныгъэхэм я доктор, 19-р кандидатхъащ.

1987 гъэм Балъкъыз Замир колхозым и унафэщIу хахри, кьыпэщыт къалэнхэм ехъулIэу, цIыхухэми гулъытэ яхуищIу я Iэнатlэр илъэси 7-кIэ ирихьэкIащ. Абы и щыхьэт 1989 гъэм екIуэкIа республикэ зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам, экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ кьыпэщыта планыр ехъулIэныгъэкIэ зэриГъэзэщIам папщIэ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым, Облосовпрофым, ВЛКСМ-м и обкомым я Бэракъ Пlлъыжь зэIэпахыр кьызэрыхуагъэфащащ.

КъыкIэлъыкIуэу а къулыкъуэр яIыгъащ ХьутIэ Валерэ, Кьущхьэ Анатолэ, Балъкъыз Башир, ХьутIэ СулътIан сымэ. Ауэ хозяйствэм ехъулIныгъэ гуэри иIэжакъым. Къэралым кьыщыфIэкIуэхуэм, нэгъуэщI куэдхэми хуэдэу лъэрымыхь хъури, си ордензехьэ колхозыр зэтещэхащ. Хозяйствэм и мылъкукIэ яухуа псэуалъэхэр зы махуэ закъуи абы хэмытахэм зэрапхъуащ. ЗыхуэкIуаращи, кьуажэ администрацэр зыщIэс унэр - колхоз правленэм ейуэ щытар - ящэну я мурадщ. Ауэ районыр ящэфащэм ар кьафIэIуэхуэкъым. Гъавэ щIапIэу гектар 1776-р щхьэзакъуэрэмакъуэу 83-м, Iуэхущ1апIэу 6-м бдджэнду яIэщIэлъщ. Язныныкъуэхэм гектар 50, 100, абы щIигъу яIыгъщ. Гектар зытIу къэзыщтэну хуейкэм зыри льагъэсыркъым. Адыгэ псалъэжьмэ зэрыжиIащи, зы льэр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу дыкъызэхэнащ. Совет властым и лъэхъэнэм рабочэхэм я предприятэхэр зэрахьэрт, мэкъумэшыщIэхэр колхозхэмрэ совхозхэмрэ щылажьэрт. Зэрыщытращи, кьуажэдэсхэм яIысыхь уэрыт щIы Iыхьэхэр нэгъуэщIхэм зыIэщIаубыдауэ, езыхэр зэрэщIэнI: Iэнатlэ зэрыIутымкIэ тхьилъ яIэкъым, зэрылажьэ илъэс бжьыгъэ (стажыр) афIокIуэд, Пенсэ фондым ахъшэ хухалъхьэркъым. Аращи, зыгуэрхэр мэунэ, адрейхэр мэунэхэу. Мыбдежым кьыхэзгъэщIэнкъым, кьыжьалIэу кьыдэкIуэ унафэщIхэм я хозяйствэхэр зэрефIакIуэр, мэкъумэшыщIэхэм зэрызаузэщIыр, я Iуэхур зэрыдэкIыр.

Колхозхэмрэ совхозхэмрэ щагъэкIуэдыжьа жылагъуэхэм лжьапIэншэр щыкуэдщ, щIалэгъуалэм я щхьэр зэрахьэ, фадэм дехьэх, гъэзу гупэнж тоувэ. Абы кьрикIуэр псом ди нэгу щIокI.

1990 гъэм ирихьэлIэу колхозым иIащ Iэщышхуэу 2000-м, шыуэ 200-м щIигъу, трактору 40, комбайну 6, автомашинэу 35-рэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым кьыщыхалъхьауэ щыта «зэхъуэкIыныгъэм» а псори дэкIуэдащ. Апхуэдэ щытыкIэм къуэдэкIуауэ ди кьуажэм и илъэс 90 юбилейм дыIуощIэ. Ауэ, зэрыжаIэщи, гъащIэр и пIэм иткIым. КъэкIуныгъэ гуэрхэр зэхуэпыщIэри, фIыуэ тпъагъу ди кьуажэмefIэкIуэныгъэрэ зэIуэпэщIныгъэрэ кьызэрыпэплъэр ди фIэщ мэхъу.

**ЛIУП Нурхьэлий,**
*Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*

Мэртазэ Залым

ЛIуп Залинэ

Къашыргъэ Заур

Тау Зулижан

Щоджэн Исмел

Иуан МэчрэIил

ЛIуп Мурадин

Бекъалды Розэ

Къумыкъу Сэрэбий

## 1947-1990 гъэхэм къриубыдэу джэрмэншыкдэсхэм я мамыр лэжьыгъэм къыпэкIуа къэрал дамыгъэхэр

● Гу зылъытапхъэ

- Лениным и орденыр - цIыхуи 2-м;
- «Лэжьыгъэм и Бэракъ Пlлъыжь» орденыр - цIыху 12-м;
- «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэ» орденыр - цIыхуи 2-м;
- «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр - цIыху 12-м;
- «ГуащIэдэкIым и цIыхьэ» орденым и еданэ нагъыщэр - цIыхуи 7-м;
- «Лэжьыгъэм къызэрыхэжаныкIам папщIэ» медалыр - цIыхуи 3-м;
- «ЩIыщIэр къызэриIэтам папщIэ» медалыр - цIыхуи 6-м;
- «И къэмыланджэж лэжьыгъэм папщIэ» медалыр - цIыху 11-м;
- «Лэжьыгъэм щиIэ екъулIэныгъэхэм папщIэ» медалыр - цIыху 83-м;
- «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм къигъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалыр - цIыхуи 107-м;
- РСФСР-м, УФ-м, КъБАССР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр - цIыху 18-м;
- «РСФСР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» дамыгъэр - цIыху 12-м;
- «Узыншагъэр хъумэным и отличник» дамыгъэр - цIыхуи 2-м;
- «УФ-м ПщIэ зиIэ и лэжьакIуэ» дамыгъэр - цIыхуи 5-м;
- РСФСР-м, УФ-м я щIыхь тхьилъхэр - цIыхуи 6-м;
- КъБАССР-м, КъБР-м я щIыхь тхьилъхэр - цIыху 15-м;
- КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхьилъхэр - цIыхуи 6-м;
- ВДНХ-м и медалхэр - цIыху 23-м;
- «Джэрмэншык къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр - цIыхуи 6-м;
- ЦIыхуи 6-р щIэныгъэхэм я докторщ, 19-р щIэныгъэхэм я кандидатщ.

Атэбий Игорь и тыгъэ.

# Абхъазым и гъуазджэ курыхыр

● Щэнхабзэ

**Абхъаз Республикэм и Очамчирэ къалэм щІыхубэ къафэхэмкІэ и «Абжьыуаа» ансамблымрэ (художественнэ унафэщІыр Абхъазым щІыхь зиІэ и артист Логуа Вианорщ) «Эрцаху» ІуэрыІуатэ хорымрэ (художественнэ унафэщІыр Абхъазым и щІыхубэ артист Ченгелия Константинщ) Налшык къалэм екъулІэныгъэшхоэхэр яІэу зыкъыщыгъэлъэгъуащ.**

АДЫГЭ Республикэм и артистхэм махуэ зыбжанэ ипэкІэ ди щІыналъэм щата концерт гукъинэжым налшыкдэсхэм дэрэжэгъуэрэ гухэхъуэгъуэу къаритар къэІуэтэжыгъуейщ. Гуэнэгу щІыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм ухэзыгъаплъэ пшыхь щІэщыгъуэхэм кІыпызыщэт абхъазхэм я макъамэ гъуазджэмрэ лъпкъ къафэхэмрэ ухэзыгъэгъуазэ пщыхьащхьэ дахэр.

Абхъазым кІыкІа хьэщІэхэм я къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ дихьэххэм псы Іубыгъуэ яхуэхъуащ концертыр. Лъэпкъ фащэ екІуэхэр зыщыгъ щауэхэмрэ пщащэхэмрэ утыкум щагъэлъэгъуа къафэ лІэужьыгъуэхэм куэд кьыззщІаубыдэрт, гъэщІэгъуэнт, нэгуэныжьт. ЖьпІэнуракъэ, «Абжьыуаа», «Эрцаху» ансамблхэм я къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ лъэпкъым и щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэр, гуэзджэ курыхыр щызэхуухуэнат, абхъазхэм я гуфІэгъуи гуауи кьызэщІиубыдэрт, тхыдэм и «ГуэджэтІ». Псом хуэмыдэу щІэщыгъуэ ящыхъуат абхъаз уэрэдыжьхэр.

Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я вице-президент, Творчествэмкіэ академием и президент, академик **Бейтыгъуэн Іэуес** КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблым и художественнэ унафэщІ **Атэбий Игоррэ** абы кьыдэІэпыкъуахэмрэ фЫщІэ яхуищІащ Адыгэ, Абхъаз республикэхэм я щэнхабзэм и махуэхэр Налшык къызэрыщызрагъэпэщам папщІэ. Бейтыгъуэн Іуес Дунейпсо Арткомитетым и дыщэ медалыр хуиІэфэщащ Логуа Вианор. Концертыр зыгъэдэха артист пажэхэм щІыхь тхьапъэхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ. Ар кьызэхуэсахэм ІахьуеджажщІ абхъаз щІыналъэм, абы и цІыхухэм ятеухуауэ и Іэдакъэ кьыщІэкІа уэсэм.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым щылажьэ «Абхазия» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **ҐьукІапщэ-Кацбэ Ингэ** Налшык къалэм гукъинэжу зыкъыщызыгъэлъэгъуа уэрэдыжьІаКІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ фЫщІэ яхуищІащ икІи къыхигъэщащ щэнхабзэ зэхъуэжаныгъэм зэгъунэгъу лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэр, зэныжьыбзэгъуныгъэр, пщІэр, гуапагъэр, зэхущытыкІэ дахэр зэриГъэбыдэр. Ар Абхъазым кьиКІа артистхэм екъуэхъуащ я зэфІэкІым дахэ хагъэхъуэну, екъулІэныгъэфІэкр яІэну, заужьыну.

Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм кьыбгъэдэкІ щІыхь тхыльыр хуагъэфэщащ Ченгелия Константин.

ХьэщІэхэм концертым кьрихьэлІаахэм фЫщІэ хуащІащ, Налшык къалэм кьызэреблэгъар, дяпкІэ зэкІэлъыкІуэну зэрагуапэр кьыхагъэщащ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.

# Зи хъуэпсапІэхэр зэзыгъэхъулІа

**Зи псалъэмрэ ІуэхущІафэхэмрэ тебгъуэтэж, зи псэр кьабзэ, пщІэрэ нэмысымрэ зыхуащІ цІыхущ мы тхыгъэр зытеуха Къущхьэбий Заурбэч.**

ДЭТХЭНЭ зыри Іэяху гуэрым нэхъ хуэІэижьщ, лъэныкъуэ гуэр нэхъыфІу кьохъулІэ. Ауэ сабийм бгъэдэлъ зэфІэкІым зиужьныныкІэ, ар ефІэкІуэныжьмкІэ адэ-анэм я бгъэдыхьэкІэми куэд елъытащ. Псалъэмакъ зэрымыІъ унагъуэм кьыщытэдж сабийр ГащІэм нэхъ тыншу хозагъэ, ахэр нэхъ сабырщ, Іэдэбщ.

Апхуэдэу, адыгэ бынунагъуэшхуэм кьыхэкІащ мы тхыгъэр зытеуха Къущхьэбий Заурбэч Зулымбий и къуэр. Ар Тэрч районым хьІэ ХьэпцІей къуажэм 1966 гъэм кьыщалъхуащ. Зэрыбынитхум я нэхъыщІэ щІалэ цІыкІум псори хуэгумащІэу, нэхъ ягъафІэу кьэхъуащ. Ауэ ГъащІэми адэ-анэми щагъэкІаахэм ящыщтэкъым ар. Сыт щыгъуи а зы щытыкІэмрэ зыкъымрэ тетущ ар и анэкъилъхуэсми ныбжьэгъуэхэм зэращІыхур.

Кьуажэ школым Іэдэбу, хабзэ хэлъу, нэмысыфІэу, гъэсауэ зэрыщІэсам и щытхъэщ абы и адэ-анэм щІэх-щІэхьуэрэ кьыхуригъэхьу щыта щытхъу тхьилъхэр. Хьарзынэу зэреджэм кьыщымынэу, ар хэтт олимпиадэхэм, зэпеуэхэм, спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм.

1983 гъэм кьуажэ школыр кьиухри, ухуакІуэ Іэщ Іагъэм щыхурагъаджэ техникумым Заурбэч щІэтІысхьащ. Ауэ ар кьимыух щІыкІэ, кьыкІэтьыкІуэ илъэсым кьэралым кьулыкъу хуищІэну кІуэри илъэситІыр Афганистаным щрихьэкІащ. Зауэр щекІуэкІ щІыпІэм илъэс 18 ныбжь фІэкІа зимыІэ уи быныр щыІэу, уанэу уигу фЫы щыщІэнт?

И кьалэнхэр тэмэму зэригъэзащІэм, гъэсэныгъэ, бэшэчагъ зэрыхэлъым папщІэ, и адэ-анэм фЫщІэ тхьилъ кьыхуагъэхьауэ щытащ. И Іыхьлыхэм зэрыжаІэжьмкІэ, езы Заурбэч унагъуэм щІэсхэм, и ныбжьэгъуэхэм тхыгъэ къащыхуригъэхькІэ зэи зы псалъи кьыхиГъэщырэтэкъым Афганистаным щекІуэкІ зауэм теухуауэ.

1986 гъэм унэм кьиГъэзэжа нэужь, абы мурад ищІащ куэд щІауэ зыщІэхъуэпс дэз дохутыр Іэщ Іагъэм хуеджэну. Ауэ и анэ Тамарэ арэзы техъуэркъым и щІалэ нэхъыщІэм игу ирилъхьаХэм. Абы ар щІыфІэмыфІыр и быным щІэныгъэ иригъэгъуэтыну хуэмейур аратэкъым, атІэ илъэситКІэ и псэм бэлыхьыр телъу зыпэплъа, псэууэ кьэзыгъэзэжа и кьуэм гу щихуэжатэкъыми имыУтІыпщІыфыну арат. Заурбэч игу кьеГъэкІыж абы щыгъуэ и анэм кьыжриІаэу щытта псалъэхэр: «ЕджанІэм ущІэхуэмэ, уи насыпщ, ущІэмыхуэмэ, си насыпщ». ЖьпІэ хьунукъым Заурбэч псоми ебакъуэу, щхьэхуещэу ежьэжауэ. Ар, дэтхэнэ быныи хуэдэу, адэ-анэм фІэлІыкІырт, я гупсысэр, Іэяху епГъыкІэр ядиЫгьт. Ауэ дауэрэ псалъэмакъыр кьеКІуэкІами, экзаменхэр фЫуэ итри, дзэм кьыщикІыжа илъэсым Тверь къалэм дэт Калининскэ медицинэ институтым щІэтІысхьащ икІи 1991 гъэм ар кьиухащ. Абы иужькІэ ар илъэс 12-кІэ щылэжьащ Налшык Дзэ Республикэ стоматологие поликлиникэм. Зэрылажьэм хуэдэурэ абы клиническэ ординатурэр кьиухащ, икІи и къару еплъыжьну, ар Мэзкуу пэмыжьыжьэ Лобно къалэм кІуащ. 2004 гъэм щыщыщІэдзауэ 2014 гъэм нэсыху Къущхьэбийр а къалэм дэт стоматологие поликлиникэм и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ. Иужьрей илъэситІым езым и клиникэ кьызэІуихауэ дзэ дохутыритху и унафэм щІэту и Іэнатіэр къраехьэлІэ.

Заурбэч иджыри еджапІэм щІэсу унагъуэ иухащ. Тапхэ япхъу Венерэ щхьэгъусэу кьишэри а тІум хьыджэбзищ зэдагъэтхау илъэс 26-рэ хьуауэ зэддопсэу. Хьыджэбз нэхъыжьым юрист Іэщ Іагъэр кьыхихами, нэхъыщІитІым я адэм и лъэужьыр яхуну хущІокъу.

И къуэш, шыпхъу бынхэм, щапхъэ езым трахыу, дзэ дохутыр Іэщ Іагъэм зэрыхуеджам, зэрырилажьэм ар ирогушхэу.

Зи унагъэри зэпэщ, зи лэжьыгъэкІи ехъулІэныгъэфІэхэр зыІэрызыгъэхьа Къущхьэбий Заурбэч ефІакІуэ Іэпэту ГащІэ кІыхь кьиГъэщІэну Тхьэм дыхуолъэІу!

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

● Унагъуэ

Къущхьэбий Заурбэч и унагъуэр.

# Топыр гъуэм дыхьэну хуейтэкъым

● Футбол

Багъэтыр Альберт йобГъэрыкІуэ.

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - СКА (Дон Іус Ростов) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 18-м. ЦІыху 800 еплъащ.**

**Судьяхэр** Амелин (Тулэ), Тарасов (Тамбов), Петров (Астрахань).

**«Спартак-Налшык»**: Антипов, Кузнецов, Мурачёв, Дашаев, Соблир, Гъурф, Бажэ, Багъэтыр (ЛІуп, 71), Каркаев, Дзыхьмыщ, Гугуев.

**СКА**: Солдатенкэ, Хинчаков, Борисов, Путилин, Мироник, Геворкян (Казаченкэ, 90+1), Пыстаров, Шаров, Погожев (Аброскин, 65), Подбельцев (Руденкэ, 87), Боков (Рябоконь, 79).

**Дагъуэ къыхуащІащ** Гъурфымрэ Шаровымрэ.

2015-2016 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм ГъатхэМ зэрыщІидзэжрэ Дон Іус Ростов и СКА-р зыхэта джэгуГъуитІри абы и текІуэныгъэкІэ иухат. Абы щыгъуэми а лъэхъэнэм кьриубыдэу ди хьэщІэхэм я гъуэр зыми кьыхигъэщІэфатэкъым. Налшыкдэсхэми я Іэяхуэхэр Іейтэкъым: я пашэныгъэр ягъэбыдауэ абыхэм я фІэщыпэу япэ дивизионым зыхуагъэхьэзыр. А псоми вэсэмахуэрей зэпэщІэтыныгъэр удэзыхьэх ящІащ.

Топджэгум еплъхэм я бжьыгъэм хигъэхъуат хэгъэрейхэм я джэгукІэфІымрэ зэІуцІэм иджы нэхъ кІасэу зэрыщІидзамрэ. Блыщхьэ лэжьыгъэ махуэ хьэлъэм иужькІэ куэдым Іэмал яГъуэтащ хуиту загъэпсэхуну, я нэгу зрагъэужьыну. Зэдэджэгуа командитІми абы папщІэ я лъэкІ къагъэнакъым.

Я гъащІэхэр кьрагъэбыдэкІри, лъэныкъуэхэр ебгъэрыкІуэныгъэхэм хуэкІуауэ. Зыр адрейм кьыпикІуэтыну хуейтэкъым. АрщхьэкІэ хуэм-хуэмурэ налшыкдэсхэм я тепщэныгъэр Іупщі хъуащ. Джэгум и япэ Іыхьэм и кІэухым СКА-м и футболистхэр зыхуІэкъуар я гъуэр зорахуэмэжьыным и закъуэт. ЯпэщІыкІэ ди щІалэхэр зэуа топыр штангэм къиГъэлъеижащ. Дакъикъищ нэхъ дэмыкІыу хьэщІэхэм я гъащІэхьэхуэмэхэм ящыщ зым ар гъуэм щыдыхьэ дыдэм къригъэгъэзащ. Ещанэу, Бажэ Амир штрафной игъэззщІа иужькІэ, топым СКА-м и гъащІэхэтыр ерагъкІэ пэпъэщІауэ араш. Апхуэдиз тепщэныгъэр иІа пэтми, «Спартак-Налшыкым» бжьыгъэр кьызэІуимыхауэ загъэпсэхуну командэхэр икІащ. Ущыгугъ хъунут етІуанэ Іыхьэм ар яхуэзфІэкІыну.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, адэкІи Іуэхум зэрызихъуэжа щІэкъэкІыж. Налшыкдэсхэр увыІэгъуэ имыІэу ебгъэрыкІуэрт, бжьыгъэр кьызэІуахуэмкІи Іэмал ГъэщІэджэхэр яІэт, арщхьэкІэ топыр гъуэм дыхьэну хуейтэкъым. Арати, 0:0-у лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкІыжащ. Абы иджыри зэ кьиГъэлъэгъуащ «Спартак-Налшыкми» СКА-ми я гъуащхьэхъумэхэр гъуащхьауэхэм иджыпстукІэ зэрефІэкІыр.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм еплІанэ текІуэныгъэр кьыщикъащ Мейкъуапэ и «Дружба»-м. Абы «Астрахань»-р хигъэщІэну хуэзфІэкІащ, арщхьэкІэ зэкІэ иужь дыдэ увыпІэр ибгынэну кьеХуэлІакъым. Адыгейм и футболистхэм абы папщІэ хуабжу гугъу зрагъэхьын хуейщ.

Зэхьэзэхуэр иухым джэгуГъуих кьэнэжауэ араш. Ахэр гуащІэу зэрекІуэкІынум шэч хэлъхъэм.

Щыгъуазэ фІыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм хьихьу вэсэмахуэ зэхэта джэгуГъуэм кьрикІуа бжьыгъэхэм: «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **2:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **0:4**, «**Тэрч-2**» (Грозный) - «**Іэфпыпс**» (Іэфпыпс) - **1:2**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Алания**» (Владикавказ) - **4:2**, «**МИТОС** (Новочеркасск) - «**Ангушт**» (Нэзран) - **0:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | Ф. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Спартак-Налшык»** | **20** | **15** | **4** | **1** | **31-6** | **49** |
| 2. | «ІэфІыпс» | 20 | 13 | 3 | 4 | 31-20 | 42 |
| 3. | «Краснодар-2» | 20 | 12 | 3 | 5 | 42-20 | 39 |
| 4. | «Черноморец» | 20 | 9 | 5 | 6 | 26-20 | 32 |
| 5. | «Ангушт» | 20 | 8 | 6 | 6 | 17-15 | 30 |
| 6. | «Тэрч-2» | 20 | 7 | 6 | 7 | 31-24 | 27 |
| 7. | «Динамо-Ставрополь» | 20 | 7 | 6 | 7 | 26-23 | 27 |
| 8. | «СКА» | 20 | 7 | 4 | 9 | 21-20 | 25 |
| 9. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 20 | 7 | 4 | 9 | 17-25 | 25 |
| 10. | МИТОС | 20 | 6 | 4 | 10 | 24-31 | 22 |
| 11. | «Астрахань» | 20 | 5 | 5 | 10 | 21-31 | 20 |
| 12. | «Биолог-Новокубанск» | 20 | 4 | 6 | 10 | 13-29 | 18 |
| 13. | «Алания» | 20 | 3 | 7 | 10 | 13-29 | 16 |
| 14. | **«Дружба»** | **20** | **4** | **3** | **13** | **16-36** | **15** |

**Совет Союзым и ЛІыхъужь, авиацэм и генерал-майор Диденкэ Николай и фэеплъу атлетикэ псынщІэмкІэ ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ Прохладнэ къалэм щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІат Ставрополь крайм, КъБР-м, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Дагъыстэным щыщ спортсменхэр.**

ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ 14-кІэ зэпеуа спортсменхэр иризэныкъуэкъуащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ къабгъэдэкІ грантхэм. Ахэр зыхуагъэфэщэнухэр кьызэрыхахар лІэужьыгъуэ псоми кьыщахьа балл бжьыгъэхэр зэхалъхьэжа ныужьыщ.

Зэхьэзэхуэр щекІуэкІар Прохладнэ дэт Сабий стадион нэхъыщхьэмрэ олимп резервхэр щагъэхьэзыр спорт школхэмрэщ. Абы кьрихьэлІат хьэщІэ лъапІэхэр, атлетикэ псынщІэмкІэ Олимп резервхэр щагъэхьэзыр щІыпІэ спорт школым и унафэщІ Ольховский Валерий, Прохладнэ къалэм и щІыпІэ самоуправленэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Коротченкэ Владимир, Іэщ Іэкі Іэщ Іэуэзэда Къарухэм я ветеран Шкарубов Эдуард сымэ, зауэмрэ, лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, ныбжьыгъэ зэгухэзнигъэхэм хэтхэр, спортым дихьэххэр.

Ялэ махуэм екІуэкІа зэпеуэхэр метр 60-кІэ къэжэныкІэ къыззэІуахащ. Зэхьэзэхуэм хэтахэм адэкІэ Іэмал яІащ жыжьэу лъэныкъкІэ, бжы дзыныкъкІэ, нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэмкІи яІэ зэфІэкІхэр ягъэлъэгъуэну. Нэгъуей Ангелинэрэ Бестаевэ Беллэрэ зэпеуэм рекордитІ щагъэуващ

Фигу кьэдгъэкІыжынщи, зэхьэзэхуэр зытеуха Диденкэ Николай 1921 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м Прохладнэ къалэм къыщалъхуащ. Ейск дэт Дзэ-Тендджыз авиацэ еджапІэр кьиуха нэужь 1941 гъэм Заполярьем кьулыкъу щиІащ икІи Хэку зауэшхуэм и нэхъ зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ.

ЛІыхъужьыгъэ кьигъэлъагъуэхэм папщІэ 1944 гъэм «Совет Союзым и ЛІыхъужь» щІэ лъапІэр кьыфІащащ. Зауэм иужькІэ Балтикэ, Ищхьэрэ флотхэм я Дзэ-Уэгу къарухэм къулыкъу щищІащ.

Авиацэм и генерал-майор Диденкэ Николай 1975 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м дунейм ехыжащ. Абы хэкум хуиІар мыкІуэдыжынщ.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**

● Атлетикэ псынщІэ

# Диденкэ Николай и фэеплъ зэхьэзэхуэ

● Шахматхэр

# Пенсионерхэм я зэпеуэ

**Налшык къалэ дэт «Ладья» клубым щекІуэкІащ шахматхэмкІэ пенсионерхэм я республикэпсо чемпионат. ЦІыху 51 зыхэта зэхьэзэхуэр нэгуэныжьу, гукъинэжу екІуэкІащ. ТекІуэныгъэм щІэбэнащ спортымкІэ мастерым и кандидатэгъу 23-рэ, япэ разрядыр зиІэхэу 12.**

НАЛШЫК къалэм и шахматистхэм бжьыпэр яубыдащ. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр къахьащ Шэджэм, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм къикІахэм.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм псоми щытекІуащ Къармэ Мажмудин. Абы кІэлъокІуэ Щауей Аниуар, Косилов Анатолий ещанэщ.

Бэылъхъуэхэмрэ я зэхьэзэхуэм налшыкдэс Бжьахъуэ Людмилэ текІуэныгъэр къыщихьащ. Бахъсэн щыпсэу Хьэрэдурэ Светланэ етІуанэщ. Ещанэ увыпІэр зыубыдар Прохладнэ щылынальэм къикІа Шевченкэ Татьянэщ.

Зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, пенсионер 15-м спортымкІэ мастерым и мардэр ягъэззащІащ.

ТекІуэныгъэр къэзыхьахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ ираташ КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхьилъхэмрэ медалхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсионерхэм я союзми нэхъыфІэр игъэжащ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

# Журналист ныбжьыщІэхэр ирагъэблагъэ

● Фестиваль

**«Кульминация» фестивалым и къызэрэпэщакІуэ комитетым щІыналъэм и хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм щэнхабзэ Іуэхуэм нэхъыбэу телажьэ и журналист ныбжьыщІэхэр абы хэтыну ирегъэблагъэ. Я лэжьыгъэхэр ягъэхь хьунущ штатым хэтхэми хэмытхэми. 2016 гъэм газетхэм къытехуа тхыгъэхэр е радиомрэ телевиденэмкІэ къата нэтынхэр нэхъ къащтэнущ.**

ФЕСТИВАЛЫМ ягъэхьыну тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ къызэщІаубыдэ литературэр, театрыр, кинематографиер, библиотекэ, музей Іуэхуэр, Іуэрыіуатэм и зыужьныгъэр, нэгуэщІхэри.

Щэнхабзэм екъэлІа тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ зыгъэхьэзыр журналист ныбжьыщІэхэм Іэмал яІэщ я зэфІэкІ ягъэлъагъуэу я Іэщ Іагъэм хагъэхьэную.

Іуэхуэр къыхилъхьащ журналистхэм зэдай щІыналъэ зэгухэзныгъэм, Москва Щэнхабзэмкіэ и къэрал институтыр и дэлэныкъуэгъуэ. 2016 гъэм фокІадэм и 15-м УФ-м и кьалащхьэм щекІуэкІыну кІэух зэІуущ Іам щагъэнэІуэжнущ лэжьыгъэ зэхъыфІхэр.

Фестивалым, абы фызэрыхэтыным, лэжьыгъэхэр зэревгъэхьыным теухуа Іуэхуэм зыщыкъэзгъуаэз хъунущ www.kulfest.ru Интернет-сайтым.

***КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым периодикэ печатымкІэ, тхыльымкІэ зыдэзгъэкІынымрэ полиграфиемкІэ и къудамэ.***


**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьыр секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ Іхьэщэмыщ І Иэз.**



**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтхэым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтеуту зэпыту щытхъэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуаущэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъуэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДышэкІ Соня**, *редактору* **ТекІужь Заретэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №520